Темыркъан Юрэ и фIыгъкIэ

2-нэ нап.



Астрономхэм яхуэмыуж «хъыбар»

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Адыгэ зэрыерыщу щытар - Iэщэ, фащэ, лъэпкъ шхыныгъуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№104 (24.542) ● 2023 гъэм шыщхьэуIум (август) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэм и щIыхькIэ

4-нэ нап.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къызэритамкIэ

ЩIэгъэхуэбжьауэ яухуэ

ДОМ.РФ Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщI Мутко Виталий хуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек шыщхьэуIум и 29-м. ЗэIущ Iэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Налшык щауху эну зыгъэпсэхуп Iэхэмрэ хьэрычэт лэжьыгъэм епха инфраструктурэмрэ зытращ Iыхьыну щIыпIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэкIэ къратыжа зэрыхъуну щIыкIэм.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, зэIущ Iахэр тепсэлъыхьащ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу республикэм IуэхущIапIэ иницщ щращ Iыхьыну щIыпIэ къызэрыратыну: «индустриально-технологический кластер» жьауэIэр промышленностым елэжь Iуэхущ Iапи Iэ гупщ, адэкIэ - цIыхухэм зыхуей хуэзэу зыщагъэпсэуну парк яухуэну я мурадщ, ещанэу - къэкIыгъэ гъуэтыгъуейкэр щагъэкI хадэ ящIынущ. Правительствэм и комиссэм и къэпщытэнигъэхэр иригъэкIуэкIын зэрихьыу, унафэ пыухыкIа абыхэмкIэ къащтэнущ.

«КИФЩI-м хьыхэ щIыналъэхэм жылагъуэ-экономикэ лэжьыгъэхэм зыщегъэубгъуныр къэралым игъэпэрыт унэтIыныгъэхэм язщ. ДОМ.РФ Iуэхущ Iапи Iэр куэд щIауэ яужь итщ а къалэныр зэригъэзэщIэным, къалэхэр псэупIэ тынш щIынри абы хеубыдэ. Кавказ Ищхъэрэм щIэзфIах нэгъуэщI проект щхьэпэхэр. Федеральнэ мылъкур къаргъэсэбэпыфын хуэдэу Iуэхур къызэрагъэпэщынри, инфраструктурэм зэрызрагъэужь облигацэхэр къыдэгъэкIынри, худэчых зиIэ ипотекэ кредитхэмкIэ защIэгъэкъуэнри абы хеубыдэ. Къэралым къыщыдгъэщхьэпэ а Iэмалхэм фейдэ къызэрытхуахьыр долъагъу: псэупIэ ятхэр нэхъыбэ мэхъу, къалэхэр екIуу зэлъыIуах, экономикэм зеужь, туристхэм я бжыгъэр хохъуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыдэлажьэри апхуэдэ плъапIэхэр диIэущ», - жиIащ Мутко Виталий.

Республикэм иубыд щIыпIэм иджыпстуей Iуэхуки псэупIэ уэхуэныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI метр зэбгъуэзнатIэу мин 340-м нэблагъэм, иджыри къэс къамыгъэщхьэпа щIы Iыхьэу гектари 100-м нэс лэжьыгъэм хэпщIа хъуащ. Апхуэдэхэм я зы щапхъэщ Налшык Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым ирикIуэу щауху Мей хьэблэр.

ЗэIущIэм иджыри щытепсэлъыхьащ щIыналъэм зыщцIэзыубгъу псэупIэ, уухуэныгъэ проектхэм.

КIуэкIуэ Казбек Мутко Виталий фIыщIэ хуищIащ икIи къыхигъэщащ ДОМ.РФ Iуэхущ Iапи Iэм и фIыгъэкIэ республикэм щIэгъэхуэбжьауэ псэупIэхэр зэрыщауху эр. «Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ уухуэныгъэхэм заубгъу: школхэр, сабий садхэр, спортым, щэнхабзэм епха унэхэр ящуэ, псэупIэхэмрэ гъуэгухэмрэ кьедза инфраструктурэм зрагъэужь, цIыху зэхэзекIуэ Iапи Iэхэр зэрагъэпэщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм еэы уухуэныгъэ къудамэм зрегъэужь, инвестицэхэр кьетшэлIэныжмкIи щхьэпэ мэхъу», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм я тхьэмадэр хах

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и зэхуэсышхуэ. Ар теухуауэ щытащ блэкIа илъэсхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр къэпщытэжьыным, жылагъуэ зэгухьэныгъэм и фIэщыгъэр хъуэжьыным, абы и унафэщIыр хэхьыным, зэхъуэкIыныгъэхэр зыхалъхьа уставыр къэщтэным, къапэщыт къалэнхэр убзыхуным.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, УФ-м и Журналистхэм я союзым и секретарь **Шафир Тимур**, республикэм щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъапкъ IуэхухэмкIэ я министрхэу **Къумахуэ Мухьэдинрэ КIуразын Анзоррэ**.

Зэхуэсыр къызэIуихащ КъБР-м и Журналистхэм я зэхухьэныгъэм и тхьэмадэм и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Жыласэ Заурбэч**. Абы къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэсышхуэ иужьрейуэ щрагъэкIуэкIар 2011 гъэрауэ зэрыщыстыр, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу пIалъитI зэхэшэ зэрыблэкIар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта Мэзыхьэ Борис пIалъэ кIыхькIэ зэрысымэджам къыхэкIыу, 2017 гъэм и жэпуэгъу мазэм и къулыкъумкIэ и къалэнхэр езым и къуэдзэм пщэрылъ щищIауэ щытащ. Абы щегъэжьауэ Шаваевэ Разият я къалэныр зэрихьащ. Мы гъэм и мэкъауэгъуэ мазэм, нэгъуэщI лэжьыгъэ кIыхьзэрыхьагъэльэгъуам къыхэкIыу, ар зыпэрыта Iэнатlэм кIыуIкIащ икIи КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэм хэтхэм ирагъэкIуэкIа Зэ IущIэм зэгухьэныгъэм и унафэщым и къулыкъур пIалъэкIэ игъэзэщIэну я къалэн щащIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч.

- Мэзыхьэ Борис КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу илъэс 35-кIэ лэжьащ. 1982 гъэм щегъэжьауэ 2017 гъэ пщIондэ зэфIэкI хъарзынэхэр къигъэльагъуэу ар пэрытащ а къулыкъум. Республикэм и журналистикэм зиужьыным абы хэлъхьэныгъэшхэр хуищIащ. Нобэ ар къытхэмытыжкIыу, шэч хэлъкъым, дэлэжьа дэтхэнэми, ар гуапэу ягу къыззрагъэкIыжынум, - жиIащ Жыласэм икIи адэкIэ къыззэхуэсахэр щигъэгъуэзащ зэхьхьэр зэрекIуэкIыну щыкIэм.

Зэхуэсым хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат икIи фIыщIэ яхуищIащ нэхъапэкIэ Iэнатlэр езыхьэкIахэм, апхуэдэуи къыхигъэщащ щIэуэ хахыну тхьэмадэм зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныгъэкIэ, зегъэужьныжмкIи къалэн пыухыкIахэр къызэрпэщытыр.

- Республикэм и Iащ Iэм журналистхэм увыпIэшхуэ щыиоубыд, фэ жыджэру фыхэтщ къэралым щекIуэкI экономикэ, социальнэ, политикэ Iуэхухэм икIи ахэр зыхуэдэр нахуэу утыку къывохьэф. Къулыкъущ Iэхэмрэ къызэрыгуэкI цIыхухэмрэ зэпызыщIэр, республикэм и унафэщ Iэхэм ирагъэкIуэкI Iуэху псори жылагъуэм я дежкI нэзыхьэсыр фэращ, журналистхэрщ. Махуэ щIагъуэ дэмыкIыу фэрэ дэрэ лэжьыгъэ Iуэхуки дыззрохьэлIэ икIи си нэгу щIокI фи Iэщ Iагъэм фыхуэпэжу, Iэзагъэшхуэ къэвгъэлъагъуэу абы фызэрыпэрытыр. Нобэ гъащIэм езым и хабзэ пыухыкIахэр къытхуегъэув, дэ абыхэм задедгъэкIун хуейщ, дызэкъуэту зы мурадым дыхуэмыкIуэмэ, зыри къыдэхъуп Iэнукъым. Дэз Iуэху хэхар щекIуэкI зэманым щытыкIэр зыхуэдэм и пэжыпIэр къэзыгъэлъагъуэ хъыбархэр фэ цIыхухэм я деж нывохьэсыф. А псом къыщынэмыщIауэ, сэ кьыхэзгъэщыну сыкуейщ фи махуэхъэс лэжьыгъэмкIэ фэ тхыдэ къызэрыбгъэщIыр. ГурыфIыгъуэ, дэрэжэгъуэ фиIэу, фи унагъуэкIи зэIуэпэщ Iыгъэ фыщIымыщIэу адэкIи лэжьыгъэ купщIафэ ефхьэкIыну си гуапэщ, - жиIащ абы.

УФ-м и Журналистхэм я союзым и секретарь Шафир Тимур къыхигъэщащ зэхуэсым мыхьэнэщхуэ зэриIэр, ар зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр, адрей щIыналъэхэми хуэдэу, жыджэру лэжьыгъэм хэща зэрыхъум и щыхьэту зэрыщыгъыр къигъэльагъуэу. Абы жиIащ «Урысейм и Журналистхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэу къагъэлъэгъуа Жыласэ Заурбэч и кандидатурэмкIэ зэрыарэзыр икIи и къалэнхэр нэгъэсауэ зыхуэдэм и пэжыпIэр къэзыгъэлъагъуэ хъыбархэр фэ тхыдэ къызэрыбгъэщIыр.

- УФ-м и Журналистхэм я союзым Iуэхугъуэ пыухыкIахэм теухуауэ проект лэжьыгъэшхуэхэр иригъэкIуэ. Ахэр хуэунэтIащ журналистхэм я гъащIэмрэ Iуэхущ Iафэхэмрэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, журналистикэм и ветеранхэм дэIепыкъуэгъу яхуэхъуныр, щытыкIэ гугъу къиухуда IэщIагъэлIэр дэIыгъныр, я Iэзагъэм зегъэужьныр, щIэныгъэм хэгъэхъуэныр, худэчых зэмылIэужьыгъуэхэр яIэныр, нэгъуэщIхэри. Догугъэ нобэрей зэIущIэм иужькIэ а проектхэр фи республикэми жыджэру щыгъэззэща хъуну. Дэ псоми фIыуэ къыдгуроIуэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIу хахынуми зэгухьэныгъэм и правленэм хэтынухэми лэжьыгъэшхуэ къаззрыпэщ Iыпыр, - къиГъэлъэгъуащ Шафир Тимур.

АдэкIэ зэIущIэм хэтахэм зэдэарэзыуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч «Урысейм и Журналистхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и правленэм, и кIэлъыплъакIуэ къэпщытакIуэ органым хэтынухэри.

- Жыласэ Заурбэч зэIущIэм хэтахэм фIыщIэ яхуищIащ дзыхь къызэрагъэзэм папщIэ. Абы жиIащ къалэныщхуэхэр къаззрыпэщытыр икIи игъэбелджылащ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и пэублэ лэжьыгъэу зэфIагъэкIын хуейкэр.

Зэхуэсым щагъэлъапIащ республикэм и журналистикэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэльагъуэ IэщIагъэлIэр. УФ-м и Журналистхэм я союзым и щIыхь тхьилъхэмкIэ ягъэпэжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор Шал Мухьэмэд, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТК-м и унафэщI Конаревэ Наталье, «Терек-1» газетым и корреспондент КIуантIэ Замирэ, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниемрэ и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI-редактор Сурженкэ Людмилэ, «Советская молодежь» газетым и лэжьакIуэ Чомаевэ Гульнарэ сымэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Шал Мухьэмэд УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхьилъыр кърат.

Дохутырым и фэеплъ скульптурэ ягъэувынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Налшык къалэ Щоджэным и цIэр зезыхьэ, Малая и уэрамэм я зэхэкIыпIэм деж къыщыIэрагъэпэщ зыгъэпсэхупIэ хадэ цIыкIум щрагъэкIуэкI зэIуэпэщ лэжьыгъэхэр.

ЗЫГЪЭПСЭХУПIЭ щIыпIэщIэм щекIуэкI уухуэныгъэхэр Iыхьитlу зэщхьэщыхащ, абы къызэщIеубыдэ метр зэбгъуэнатIэу мин 50 хьу щIыналъэ. Уэынщагъэм и хадэм зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм къищынэмыщIауэ, сабийхэм я джэгупIэ, спортым зыщцыхуэбгъасэ, къыщцIикIухьын щIыпIэхэр иIэнущ. Ухуэныгъэ нэхъыщхьэу абы итынущ дохутырым и фэеплъ скульптурэр.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ зыгъэпсэхупIэщ сымаджэщ къалэ цIыкIум и мызакъуэу, абы и гъунэгъу районхэри зыгъэдахэ щIыпIэу зэрыщытынур.

Ди къуэш республикэхэм

Сабий мин 12-м щIигъум зыщагъэпсэхуащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Сабий мин 12-м щIигъум республикэм и Iэмахуэ лагерхэм зыщагъэпсэхуащ. Ялуэ путёвкэхэр яIэрыхьащ СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм, ЛНР-мрэ ДНР-мрэ къикIахэу КъШР-м щыпсэуэхэм, сабий зеиншэхэм, зи узынщагъэм сэкъат иIэхэмрэ унагъуэ дахуэхахэм щыщхэмрэ.***

МЫ гъэм республикэм къыщызэрагъэпэщат сабий лагери 105-рэ, абыхэм ящыщу къалэм адэкIэ щыIэу 7-м зэманыр щагъэкIуащ сабий мини 3-м щIигъуи, махуэ школ лагерхэу 96-м щыIащ сабий мини 6-м щIигъу. Сабий зэчифIэ мини 3-м нэблагъэм, еджэнымкIэ, спортымкIэ, творчествомкIэ екъуIэныгъэ зиIэхэм, зыщагъэпсэхуащ Домбай, Архъыз, Теберда щIыналъэхэм. Апхуэдэуи 2023 гъэм лэжьэн щIидзащ «Движение первых» зэщIэхъеныгъэм и лагерым, КъШР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Аграрно-технологие колледжым щылажьэ, зыщагъэпсэху и лагерым.

Къэрэшей-Шэрджэсым я нэгу зыщрагъэужьащ, я узынщагъэр щрагъэфIакIуащ Луганск КIыхьэ Республикэм щыщ сабий 759-м. Дэз Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм я сабий 40-м щIигъуи зыщагъэпсэхуащ Анапэ.

Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид жиIащ узынщагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэр ерыскъыхэкIкIи медицинэ IуэхутхэбзэхэмкIи тэмэму къызэрызрагъэпэщащ. «Си фIэщ мэхъу ягъуэдзу зызыгъэпсэхуахэм къаруущIэ яхэлъу гъэ еджэгъуащIэр зэрыщIадзэжынур, щIэныгъэм зэрыхуэпэбгъэнур», - дыщIигъуащ Iэтащхьэм и псалъэхэм.

Пыхусыхум щызыхъумэ хущхъуэхэкIэр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм къыIэрыхьащ балигъхэмрэ сабийхэмрэ пыхусыхум щызыхъумэ вакцинэ хэлъхьэгъуэу 102700-рэ. Адыгейм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем зэрыжиIащи, ахэр хуагуэшащ зратыпхъэ медицинэ Iуэхущ Iапи Iэхэм.***

ПЫХУСЫХУМ зэрыпэщIэт Iуэхур ублэн зэрыхуейм щытепсэльыхьащ щIыналъэм Уэынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм.

Мерэтыкъуэ Рустем медицинэ Iуэхущ Iапи Iэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэм здепсальэм, къыхигъэщащ иджыпей вакцинэр пыхусыхур зэуалIэхэр гъэмэщIэнымкIэ сэбэн зэрыхьур, сымаджэ хъуам ар тыншу зэрыщхьэщихыр.

Зэ IущIэм къыщалэта Iуэхуэм ящыщыщ ныбжьышхуэ зиIэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я нэIэ тетыныр республикэм къызэрыщызэгъэпэщар.



УЭРДОКЪУЭ Женя.

Республикэм и махуэр 1997 гъэм ягъэувауэ щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и Конституцэщ Iэр къызэращтам къыхкIыу. А махуэм цIыхухэм зрагъэгъэпсэху икIи гуфIэгъуэ зэхьхьэ куэд къызэрагъэпэщ.

ФОКIАДЭМ и 1-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм къэрал дамыгъэхэмкIэ щагъэпажэнущ зи зэфIэкIкIэ адрейхэм кьахэщхэр. Курыт школхэм гъэ еджэгъуэр зэрублажьмрэ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ятеухуа зэхьхьэхэр екIуэкIынущ. Налшык къалэм дэт Лъэпкъ музейм къыщызэIуахынущ «Илъэсхэмрэ цIыхухэмрэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум къызэIуаха павильоным фокIадэм и 8-м щегъэжьауэ 30 пщIондэ щекIуэкIынущ «Городские летописи» гъэлъэгъуэныгъэр. А пIалъэм къриубыдэу Налшык къалэм и Къэбэрдей эрамым и лъэс IыгъуэкIэм къызэIуахынущ «Налшык» зыфIаща выставкэр.

ФокIадэм и 9-м республикэм и щIыхэрым Iэхэгъуэ дахэ зыбжанэ щекIуэкIынущ: гъуэзджэм и лэжьакIуэхэм Театр Щхьуантlэм зыкъыщагъэльэгъуэнущ («Си лъахэ, си республикэ» пшыхьым), Налшык ипподромым шыгъажэ щызэхэтынущ.

Къалэм и жыг хадэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ къыщызэрагъэпэщынущ Налшык и махуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ятеухуа зэхьхьэхэр.

Махуэшхуэм къалэ атракционхэмрэ зоопаркымрэ пщIэншэу лэжьэнущ.

ФокIадэм и 9 - 10-хэм Абхъазым и утым, «Курортный» сквером, Къэбэрдей уэрамым театрэм я артистхэр хэту «Насыпым и къалэ» фестивалыр щекIуэкIынущ, кино щагъэльэгъэнущ Къэбэрдей уэрамымрэ «Курортный» сквермрэ.

ФокIадэм и 10 - 11-хэм лъакъуэрыгъажэкIэ къызэдзэжынущ. «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэ» зыфIаща а зэхьзэхуэр екIуэкIынущ Урысейм велоспортымкIэ и чемпионатым хьихьэу.

ФокIадэм и 16 - 17-хэм Зэгурыгъэныгъэм и утым удз гъэгъахэм я фестиваль щыIэнущ.

ФокIадэм и 23-м къалэм и епIанэ гуэлым деж «Унагъуэ зэхуэсхэр» зыфIаща Iуэхуэзыужь Iуэхур къыщызэрагъэпэщынущ.

ФокIадэм и 23 - 24-хэм «Курортный» сквером Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахынущ, фильмыжьэр щагъэлъэгъуэнущ, пщафIэхэм я зэпеуэ щекIуэкIынущ.

ФокIадэм и 27-м «Налшык» зыгъэпсэхупIэм пшыхь щекIуэкIынущ республикэм узынщагъэр щрагъэфIакIуэ, зэхуэдгъэпсэхуу и лагерым щагъэльагъуэ выставкэ.

Жэпуэгъуэм и 8-м Абхъазым и утым къыщызэрагъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщIэхэм я зэфIэкIэр зэрагъэльагъуэ выставкэ.

Жэпуэгъуэм и 14 - 15-хэм Абхъазым и утым «Гастрофест» фестивалыр щыIэнущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

Тхыдэм зи цІэр къыхэна щІэныгъэлІ

● Япэ хэр

Адыгэбзэр джыным, абы зиужьыным елэжьа щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм яцыщы Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей академием, щІэныгъэхэмкІэ Куржы академием я академикыкІ щыта, Кавказыр зыдыхэм я Европей зэгухьанысІэм хэта, Кавказыр джыным хуищІа хэлъхьаныгъэ иным папщІэ дунейпсо саугъэтыр зыхуагъэфэща, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Къумахуэ Мухьадин Іэбубэчыр и къуэр (1928 - 2008). БзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэм, профессорым, лингвист-теоретик лъэщым, кавказыбзэхэр джынымкІэ Іэщ1агъэлІ тельыджаным зэфІихэ лэжьыгъэшхэхэмкІэ и цІэр ди лъэпкъ щІэныгъэ тхыдэм къыхэнащ. Мы махуэхэм ирохьэлІэ Къумахуэ Мухьадин къыщалъхуар.

КъУМАХУЭ Мухьадин Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэ Іэбубэчырэ Куэзэрэ я лъэкІыныгъэ псори ирахьэлІащ я бынхъу Башидэ МуІэед, Тосэ, Анусэ, Мухьадин, Мурадин сымэ лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу халъхьаныр, щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ ирагъэгъуэтыным. Къумахуэхэ я унагъэм тхылъым, еджэным пщІэ щІэзыІуэщыти, зэщхьэгъусэхэм я щІэблэр абы хуэзущІыу къагъэзэжьащ. Быным зэрахуэхъуэпса псоми хунэсакъым Іэбубэчыр. 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм ящІыу КІуаэхэм ящыщащ ар икІи абы и губгъуэхэм и псэр щитащ. Ар удныншхуэу зыитехуа унагъуэм куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ гуауи къатепсыхащ: Муэед зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. Сабий нэхъыжьхэм фІэкІа дэІэпыкІуэгъу къызыхуэмына Куэзэ и пщэ къыдэхуащ къалэн гугъу дыдэ: быныр лъэ быдэкІэ гъащІэм хэгъэувэныр. Ар хуитэкІащ адыгэ бзыпхъугъэ гуащІафІэм. Къыхуэна и бынитхум ящыщу дзэнэмэи гъэсэныгъэфІ яхилъхьэфащ анэм, кьиэмыщІауэ, щІэныгъэ нэхъыщІхэ, Іэщ1агъэ ирагъэгъуэтащ. Башир экономикэм хуеджащ, щІэныгъэмкІэ доктор, профессор хуэщ, «КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр кьифІащащ. Зэшыпхъу хэу Тосэрэ Анусэрэ КъБКъУ-м щІэныгъэ нэхъыщІхэ щызырагъэгъуэтащ. Быным я нэхъыщІэ Мурадин МКъУ-м ядернэ физикэмкІэ и факультетыр къиухащ, щІэныгъэхэмкІэ докторщ. Дунейпсо цІэрыІуагъ Мурадин кьыхуихащ «Къумахуэм и эффект» цІэр щІэныгъэ дунейм щызыІуэта и къэхутэ-ныгъэм. Абы щхьэкІэ ар тІэунейрэ ягъэльапъуауэ щытащ Нобель и цІэкІэ щыІэ дунейпсо саугъэтыр кьратыну. Рентген оптикэмкІэ Москва дэт институтым и унафащуІу иІъэс куэдкІэ лэжьащ Мурадин.

Къуажэм дэт курыт школыр абы дыдэу къыиуха ноужь, Мухьадин щІэтІысхьащ Тбилиси дэт къазэрал университетым, кавказыбзэхэм щыкуэджакІэу. Ар екъуІэнгъэкІэ 1952 гъэм къэзыуха адыгэ щІалэм бгъэдэлъ щІэныгъэм хигъэхъуэну Москва кІуащ щІэтІысхьащ СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и Академием Бзэщ1эныгъэхэмкІэ и институтым и аспирантурэм. Къумахуэм иригъэкІуэкІ къхэутэныгъэхэм бзэщІэныгъэм и унэтІныныгъэ зыбжанэ кьызэщІауэбыдэрт. Абы кууэу иджырт Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр, абыхэм я грамматикэм и теориехэм япыщІа Іэхуэгъуэхэр, бзэхэр зэрызэхэлъхэм зэщхьэ яхэлъхэмрэ зэщхьэщыкІныгъэ яІэхэмрэ иубзыхуу. Апхуэдэу ар хуабжу дахьэхырт бгыпс лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэхэм, цІыхуб эпосхэм, лъэпкъ щэнхабзэхэм. А къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр, купщІафІэр ар я лъабжьэу, Къумахуэм игъэхьзырац и япэ щІэныгъэ лэжьыгъэр - кандидат диссертацэр купщІафІэр. Ар тещІыхьауэ щытащ абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщу шэрджэсбзэхэм (адыгэбзэхэм) я зэхэлъыкІэм, я грамматикэхэм. А монографием пщІэшхэ щІащ щІэныгъэ дунейм. Псом хуэмыдэжу лъэпкъым Мухьадин и къэхутэныгъэхэр кІуэдыжауэ тлъытэ зыбгъэхьзэм теухуахэр. Абы иджыжар убыхыбзэм и закъуэтэкъым, атІэ а лъэпкъым и гъащІэм щыщу куэди наІуэ кьищІат. А къэхутэныгъэм тещІыхьащ Къумахуэм и тхылъ гъэщІэгъэныщІэу, зи хуэдэ иджыгъи щымыІэу ябж «Убыххэр: Тхыдэр. Бзэр. Іуэрыуатэр». Абы иужькІэ Къумахуэр ялытэу хуежьащ убыхэм я тхыдэмкІэ, бзэмкІэ, щэнхабзэмкІэ щІэныгъэшхэу зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІ щэджащэу.

ЗэфІэкІышхуэкъэ къызыхъуэкІа адыгэ щІалэр СССР-м Щ1эныгъэхэмкІэ и Академием Бзэщ1эныгъэхэмкІэ и институтым кавказыбзэхэмкІэ, компаративистикэмкІэ и кьудамэхэм зэпыт куэдкІэ щылэжьащ, и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пищІу. 1991 гъэм ар ягъэуващ компаративистикэмкІэ и кьудамэм и унафэщІу икІи илъэс 15-м нэскІэ а кьулыкъым пэрытащ.

А лъэхъэнэм Къумахуэм и зэфІэкІхэм къэралпсо цІэрыІуагъ кьыхуахьат. Щ1эныгъэлІыр иригъэблагъэт дунейпсо щІэныгъэ конгрессхэм, симпозиумхэм, конференцэхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. Мызэ-мытІэу ар кьыщыпсэльыщ Парриж, Лондон, Оксфорд, Берлин, Мюнхен, Бамберг, Марбург, Стамбул, Анкарэ, Бухарест, Сан-Себастьян кьалэхэм щекІуэкІа дунейпсо щІэныгъэ зэхьэхэм я утыкуушхэм. Абыхэм Къумахуэм дапщэщи наІуэ кьыщыщІыр иригъэкІуэкІ и къэхутэныгъэхэм я щІэныгъэ монографиу 2.

«Лунд университетым щыІэх зиІэ и профессор», «Тбилиси къэралыгъуэ университетым щыІэх зиІэ и профессор» цІэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща щІэныгъэлІ щыпкъэм ещІыжу зэфІихащ кавказыбзэхэм я ухуэкІэм, зэхэлъыкІэм яхуэдизыгъуэ. Ахэр я лъабжьэу Къумахуэ Мухьадин и кьалэмыпэм кьыпыкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щигъу. Ахэр кьыщыдэкІащ ди къэралми хамэ щІыпІэхэми. Абы и япэ тхылъхэм ди анэдэлъхубзэр джыным и щІэныгъэ лъабжьэр яГъэтІыпІауэ жыпІэ хуиІуц. Абыхэм я кьаклІыпыкІуащ адыгэбзэхэм я иджырей щытыкІэм ехьалІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэбзэхэм я морфологиер», «Адыгэбзэхэм я псалъэ зэхьэжькІэр», «Адыгэбзэхэм я функциональнэ стилистикэр», нэгъуэщІхэри. Къумахуэм и монографиехэу «Адыгэ Іуэрыіуатэм и бзэр», «Нарт эпосыр. Бзэмрэ щэнхабзэмрэ», «Адыгэ псоцым и лексикэр. Тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр» жыхуиІэхэм щызэпхрыхащ адыгэ лъэпкъ Іуэрыіуатэмрэ «Нарт» эпосымрэ япкърыльэ бзэ-щэнхабзэ хьэлэмэтагъэхр.

Иригъэкіуэкі егъаджэныгъэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, Къумахуэ Мухьадин ядэлажьэрт щІэныгъэ Іуэгъуэм техьагъащІэ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм. Абы игъэхьзыращ щІэныгъэм и кандитатэр, докторщ. Апхуэдэу Къумахуэр хэтащ анэдэлъхубзэр джыным, абыкІэ тхылъхэр щыдгъэзекІыным епха проектышхуэхэм. Ар щытащ «Адыгэ (Шэрджэс) Щ1эныгуаз», томитІ хуэуз кьэдкІа «Къэбардей-Шэрджэсыбзэ» тхылъхэм я редактор нэхъыщхьэу, «Адыгэ псальэкъэр» зэхэзыгъэува щІэныгъэлІ гупым яхэтащ.

Лъэпкъ бзэщІэныгъэм и зэфІэувэныгъэм, зыуужьныгъэм зи гъащІэр хуэзыгъэпса щэныгъэлІ щэджащэт, хэкулІ нэст Къумахуэ Мухьадин Іэбубэчыр и къуэр. Сыт хуэдэ лъэхъэни абы и щІэблэм я къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ Зарэрэ и бынхэмрэ. Зарэрэ Мухьэдинрэ илъэс куэдкІэ щызэдэлажьащ Щ1эныгъэхэмкІэ Урысей Академием Бзэщ1эныгъэхэмкІэ и институтым, тхылъ зыбжани эздатащ. Абыхэм я бынхэу Зарэмэрэ Руслани, я щІалэр я къыдэтащ и зэшыпхъу хэм я доктор хуэахэщ.

Щалъхуа жьлэри, республикэри, къэралри зэрыгушхуэщ Къумахуэ Іэбубэчырэр Куэзэрэ я къуэхэм я гъащІэ купщІафІэр. Абыхэм я зэфІэкІ лъагэкІэ лъэпкъ щІэныгъэм и хэлъхьаныгъэхуэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

щыпкъэм ещІ имыщІэу зэфІихащ кавказыбзэхэм я ухуэкІэм, зэхэлъыкІэм ехьалІа къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд, Ахэр я лъабжьэу Къумахуэ Мухьадин и кьалэмыпэм кьыпыкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щигъу. Ахэр кьыщыдэкІащ ди къэралми хамэ щІыпІэхэми. Абы и япэ тхылъхэм ди анэдэлъхубзэр джыным и щІэныгъэ лъабжьэр яГъэтІыпІауэ жыпІэ хуиІуц. Абыхэм я кьаклІыпыкІуащ адыгэбзэхэм я иджырей щытыкІэм ехьалІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр». Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэбзэхэм я морфологиер», «Адыгэбзэхэм я псальэ зэхьэжькІэр», «Адыгэбзэхэм я функциональнэ стилистикэр», нэгъуэщІхэри. Къумахуэм и монографиехэу «Адыгэ Іуэрыіуатэм и бзэр», «Нарт эпосыр. Бзэмрэ щэнхабзэмрэ», «Адыгэ псоцым и лексикэр. Тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр» жыхуиІэхэм щызэпхрыхащ адыгэ лъэпкъ Іуэрыіуатэмрэ «Нарт» эпосымрэ япкърыльэ бзэ-щэнхабзэ хьэлэмэтагъэхр.

Иригъэкіуэкі егъаджэныгъэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, Къумахуэ Мухьадин ядэлажьэрт щІэныгъэ Іуэгъуэм техьагъащІэ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм. Абы игъэхьзыращ щІэныгъэм и кандитатэр, докторщ. Апхуэдэу Къумахуэр хэтащ анэдэлъхубзэр джыным, абыкІэ тхылъхэр щыдгъэзекІыным епха проектышхуэхэм. Ар щытащ «Адыгэ (Шэрджэс) Щ1эныгуаз», томитІ хуэуз кьэдкІа «Къэбардей-Шэрджэсыбзэ» тхылъхэм я редактор нэхъыщхьэу, «Адыгэ псальэкъэр» зэхэзыгъэува щІэныгъэлІ гупым яхэтащ.

Лъэпкъ бзэщІэныгъэм и зэфІэувэныгъэм, зыуужьныгъэм зи гъащІэр хуэзыгъэпса щэныгъэлІ щэджащэт, хэкулІ нэст Къумахуэ Мухьадин Іэбубэчыр и къуэр. Сыт хуэдэ лъэхъэни абы и щІэблэм я къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ Зарэрэ и бынхэмрэ. Зарэрэ Мухьэдинрэ илъэс куэдкІэ щызэдэлажьащ Щ1эныгъэхэмкІэ Урысей Академием Бзэщ1эныгъэхэмкІэ и институтым, тхылъ зыбжани эздатащ. Абыхэм я бынхэу Зарэмэрэ Руслани, я щІалэр я къыдэтащ и зэшыпхъу хэм я доктор хуэахэщ.

Щалъхуа жьлэри, республикэри, къэралри зэрыгушхуэщ Къумахуэ Іэбубэчырэр Куэзэрэ я къуэхэм я гъащІэ купщІафІэр. Абыхэм я зэфІэкІ лъагэкІэ лъэпкъ щІэныгъэм и хэлъхьаныгъэхуэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Темыркъан Юрэ и фІыгъэкІэ

● Пресс-конференц

Урысейм щІыхь зиІэ и гупыр, Шостакович Дмитрий и цІэр зезыхьэ Санкт-Петербург академическэ филармонием и академическэ симфоние оркестрыр быщІыхьэуІум и 29, 30 махуэхэм концерт щитын папщІэ Налшык къэкІуащ. Пшыхьэр теухуащ гупым и художественнэ унафэщІ, УФ-м и цІыхубэ артист Темыркъан Юрэ и ныбжьыр дыгъэгъазэм и 10-м илъэс 85-рэ зэрырикъум. Концертхэм ипэ къихуэу «Азимут» хьэщІэщым и зэІущІапІэм щекІуэкІащ ахэр зыхэта пресс-конференц.

САНКТ-Петербург и академическэ филармонием и художественнэ унафэщІым и къуэдзэ, и дирижёр нэхъыщхьэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Алексеев Николай**, филармонием и директор **Черкасов Илья**, Чайковский Пётр и цІэр зезыхьэ XVII лъэпкъыбэ зэхьэзэхуэр (2023) щытекІуэ пианист щІэрыІуэ **Папоян Илья** сыкъэзэта зэІущІэр кьыхэзыихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**. Хьэщ1эхэр журналистхэм яригъэцІыхуа иужь, абыхэм епсэльыпІэну Іэмал яритащ прессэм и лэжьакІуэхэм.

ЩыщІэупщІэхэм япкъ иткІэ Алексеев Николай жиІащ куэд щІауэ гупыр Налшык къэкІуэну зэрыхуейр, абы ехьалІауэ мызэ-мытІэу Темыркъан Юрэрэ абырэ зэрызэпсэлъар, Іуэхур зэфІэхьэ щыхъуэ ирихьэлІэу коронавирус уз зэрыщІалэр къэхъейуэ и лъэр зэриубыдар. «Мис иджы дызэхэзэкІуэ зэрыхъужрэ Китайм дыщыІащ, махуэ 11-м кьриубыдэу концертибл щытащ. Абы къыкІэлъыкІуэу Сочэ дыщыхьэщІащ, иджы Налшык дыщыІэщ, Я́пэу дыкъаІуэ араущ, аэу мыиужьрейуэ щыщІэкІыну си гуапэщ», - жиІащ Алексеевым. Абы къыхиГъэщащ Юрэ и фІыгъэкІэ Налшыкы абы и цІыхухэри фІыуэ зэрилъэгуар, маэстрэр и анэм къыщепсальэкІэ и макъыр щабэ хьуэу, и нэгум гуфІэ кьрихьу зэрыщІытар нобэми и нэгу зэрыщІэтыр.

Ятыну концертхэм я программэм щыщІэуплщІэм, пшыхьэм ехьэлІа «щэху» псори утыку кьыщІыну уеягъэкъым, ауэ жиІащ Чайковский Пётр, Рахманинов Сергей, Брамс Иоганнес сымэ я Іэдакъэщ1экІэхэр зэрыщІынур. Апхуэдэуи къыхигъащ оркестрым щыщу цІыху 93-рэ Налшык зэрыщІыр.

Темыркъан Юрэ гъунэгъуу зэрицІыхур къыхэщащ Черкасов Илья зэрызыхуагъэза упщІэм и жэуапми. «Музыкант цІэрыІуэ куэдым Іуэху ядэсщІащи, Хьэту и хуэ Юрэ хуэдэу узыдэлэжьэну тынш яхэтакъым. Сыт хуэдэ Іуэхуми екъелІауэ уеПсэлъэну гухэхъуэщ абы, зыхимыщІыкІ зэрыщымыІэм къыхэкІыу», - жиІащ Черкасовым.

«Лауреат ущыхъуа зэхьэзэхуэмрэ оркестрым и концертхэмрэ зэрызэкІэлъыкІуэм уригъэзэшакъэ?» - жаІэу щеупщІым, Папоян Илья жиІащ ди къэралым и гуп нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщ зы оркестрым и Іуэсу концертхэр итынкІэ щытыкІэхэм зэхэзына и гуп жы абы зэрыригъэзыр. «Налшык хуабжу сигу ирихьащ, зыпІэхьаКІуэ дыздаша Шэрэдж ауэым нэри пэри яхь, апхуэдизкІэ дахащэщи. Іуащхьэмахуэ лъапэ дашэну дыкъагъэгугъащи, къурш иджы сызэрищыпІэлъагъум нэхъри си гухэхъуэр яГъэбагъуэ. ЖыпІэнурамэ, фи лъахэм теухуауэ си гум къинэжьнур куэду, къытезгъэзэну си нэ къыщІыхуикІи Іэджэ иджыри щысІлъагъуну къысщохъу», - жиІащ щІалэщІэ эзчиифІэм.

Маэстрэм и илъэс 85-м ехьэлІауэ щытынущ оркестрым дапэкІи итыну концертхэр, Темыркъан Юрэ и оркестрымрэ Урысейм и Я́пэ симфоние оркестрымрэ я программэмэри.

Апхуэдэщ дыгъэгъазэм ирагъэкІуэкІыну трауХуа «Гъуазджэм и тхыдэ» щІымахуэ лъэпкъыбэ фестивалыр, 1999 гъэм езы Темыркъаным къызэригъэпэщащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Мы гъэм ятынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий къыпщытащ Налшык къалэ и Московская уэрамым ведомствэм и псэупІэ унэ щаухуэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІыр.

АР КъБР-м щыІэ МВД-м еуХуэ «Жылагъуэ хабзэр къызэрэпэщын, щІэпхъаджагъэм пэщІэтын» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, зытеуухэжаи я лэжьакІуэхэм щыпсэуфэ ящ ираты нырыр. Къатибгъу хъу, метр зэбгъуэнатІэ мин 12-м щІигъу кьызэщІэзыубыдэ упэнэ хэтынущ фэтэри 144-рэ.

Унэр хьэзыр хъуауэ, иджыпсту йолэжь абы къедза щыпІэр зэпэщ щыным, лифтэр, газ, псы, уэздыгъэ, нэгъэщІ Іэмэпсымэхэр зыхуей хуэгъэзэным. Апхуэдэуи яужь итщ унэр тыным ехьэлІауэ зыхуеину тхылъхэр гъэхъэзырным.

КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэу чэзум щытхэм фэтэрхэм я Іуникіыбзэхэр иратыну я мурадщ мы гъэм кьриубыдэу.

А махуэ дыдэм Павлов Василий щыІащ республикэм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ и органхэм я ветеранхэм я советым. Абы лэжьапІэ пэщхэр зыхуей зэрыхуагъазэм зыщигъэгъуэзащ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Ди нэхъыжьхэр

Дадэ лІыхъужь

Си тхылъ гъэтІылъыгъэхэм кьахэзгъуэтэжащ 1998 гъэм кьыдэкІа зы «Нур» журнал. Абы ит тхыгъэхэр сфІэгъэщІэгъуэну щІэздыкІыжурэ, си нэр хуэзащ зауэм хэта, лэжьыгъэм и ветеран, илъэс куэдкІэ щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным зи гуащІэшхуэ хэзылъхьа, балъкъэр лъэпкъыр зэрыгушхуэ Чеченов Щамил я зы тхыгъэ. ПщІэшхуэ ящащІу ди республикэм иса а цІыху гуапэм, Іущым, гъэсакІуэ нэсым и жьауэм щІэту еджазэр куэд мэхъу. Сэри сащыщу абыхэм. «Дадэ лІыхъужь» фІэщыгъэм щІэту ЩЭмил «Нур» журналым и щІэдзыкІакІуэ цІыкІуэм папщІэ игъэхьэзыра тхыгъэр ди газетым адэжэри хуейуэ кьэсІэпытащ. Сыту жыпІэмэ, къэралым и хуитыныгъэр къэзыхьжаахэм ящыщу къэнэжар мащІэ дыдэщ.

1944 ГЪЭМ и мэлыжьхьыым, пщэдджыжьым жьауэ ди къэщІапІэм къэкІуащ ТІасхъэщІэх гуп, гвардием и капитан Поликарповым я унафэщІу. Абыхэм яхэтт Гъурф Бориси. Мис абы щыгъуэ дэри япэ дыдэу дызэрихьэлІэри, дызэрыцІыхуащ. Дызэхэкъуэгуу кьызэрыщІэкІам тІуми дамэ къыттригъэкІат. КъыпфІэщыпхт, зауи бани щымыІэжу, ди Хэкужь дыкъэзІэжауэ.

Арщхьэкіэ, зауэр екІуэкІырт, ар ихуным зы илъэс псо иІэт. Люблин кьалэр бийм кьытетхыжа нэужь, дэ Вислэ псым и Іуфэм зыщыдгъэбыдащ. Абдежьым мазэ бжыгъэкІэ дыІусащ нэмыцэхэр псым кьызэпрыдмыгъэкІыжу. Фокладэм унафэ кьытІэрыхьащ Вислэ дызэрыкІыну бийм и тІасхьалІэр къэтхутэн хуейуэ. Ар иксыпІэ кьалэн хьэлъэт, дызэрыхьэлІэт. Абы кьыхэкІыу тІасхъэщІэх ягъэкІунэхэр кьыхахащ езыхэм яфІэфІу. Зы цІыху закъуи хагъэзыхьакъым.

ТІасхъэщІэх кІуэну хуейкэр мымащІэу кьыщІэкІащ. А гупышхуэм и унафэщІу гъурф Борис. Псым щІэзэпрыкІыну жэщыр ирагъэхьэлІащ пшагъэу Іув тельу. Ди заулІэхэр щэхуу Вислэ зэпрыкІри, километр 20 хуэдизкІэ ихьащ нэмыцэхэм яубыда щІэлІпІэм.

Жэщыхрэ махуихкІэ къэтащ Гъурфым и гупыр. Ар икъуКІэ зэман кІыхьт, пэжыр жысІэнщи, къагъэзэжьынри дазэрыщыгуфІыкъ щІэтэкъым. Ауэ сыт хуэдэу кІыхьу къэмытами, абыхэм тэмэму зрагъэщІащ бийм и кІарур здынэсри, ахэр дэнэ дэж зэрымэу игуэшами. Абыи кьыщыпакъым, зы нэмыцэ фельдфебелрэ зы сэлэтрэ гъэру кьыздахури кьэкІуэжащ, зы цІыхуи яхэмыщІащ.

Ди тІасхъэщІэхэр Вислэ кьыщыпрыкІыжым бийм къыщІэри, Іэщ1у яІэ псомкІи кьахэуэу щІидзащ. Дунейм теттэкъым зэрыпщІэн Вислэ зэрыщІэту шыуаным ити къэкІуалъэу фІэкІа. Гъурфым и гупым кьахьа хьэпарэхэм мыхьэнэшхуэ иІащ ди дзэр Вислэ зэпрыкІыну бийм удын ирадзынымкІэ. Абы щыгъуэ Гъурфми абы и гуСхэсхэми дамыгъэ лъапІэхэр кьратауэ щытащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Астрономхэм яхуэмыух «хъыбар»

Иджыблагъэ хьэршыр зыдж щІэныгъэлІхэм щІэи гъуни зимыІэ уахэм «кьыхэпсыкІыну» кьахутащ гравитацием къэзыгъэхъу «хы-сыджхэм» ящыщу, езы еджагъэшхуэхэми зэрыжаІэу, «макъкшхуэ зэщІэгъуагъуэ» къэзыгъэщІэр.

«ГРАВИТАЦИЕ» (латин псальэщ, gravis-хьэлъэ) жыхуаІэр пкъахуэ псынщІэхэр нэхъ домбейхэм зэрызыщІашэ кьаурр арауэ куэдым хуагъэфащэ. Уеблэмэ физикэм зэрыхурагъаджэ тхылъхэмкІ ди лъабжьэ хьэлІэ: «ЩІым и гравитацием адрей пкъыгъуэхэр (цІыхуэхэр, хьэпшыпхэри, кьинэмыщІхэри) и кум ирилъафэ щыкІэу зыщІешэ» жыхуиІэ псалъэхэм.

АтІэми, «гравитацие» зыфІаща кьару кьыззэрыкІыуэр кьызыхэкІыр нэхъ гурыІуэгъуэ кьытщІысыщІу нобэр кьыздэсым еджагъэшхуэ-хэм я нэхъыбэм кьалъытэр щІэныгъэм и унэтІныныгъэ тельыджэу Эйнштейн Альберт зэхилъха «Относительностьи и теории» зыфІащарц. Абы зэригъэувыкІэ, гравитацием и Іункіыбзэлъхьам щылъхьэхуэпхъэр «зыщІешэ» псалъэм и Іэхэлъахэркъым, атІэ «щІегъапхъуэ-ирешэк» жыхуаІэм и гъунэгущ.

Мыдрейуэ

КъэхутэныгъэщІэм иужь ита астрономхэм нэхъапэм зэрыжаІамкІэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа «макъышхуэ» къэунэхункІэ хуей щыхъунр мащ кІыфІ абрагъэзэрэ иныщэу тІур, мыпІащІэурэ, кьэрышем щыІэхьхьэжжэм дежщ.

The Guardian газетэм а Іуэхум теухуауэ зи тхыгъэ къытехуам зэрытрагъэчыныхьымкІэ, кІэи-пэи зимыІэ уахэм зэман пыхьыкІам кьриубыдэу кьэпсыкІыкІыу кьахута хьсыджжэр - Іэмалыфщ1 вагъуэ лакъымхэм (галактикэхэр) я курыкупсэм зыщыщыгъэпщІыну кІыфІхэм я Іэгъуэблагъэм кьыщекІуэкІхэр зэгъэщІэныкмкІэ.

Астрономхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, мащ кІыфІхэр кьашэ и пІэнкьыкуэкІэ дэ дызэгъэщІылІа Дыгъэм нэхъри хуэдэ мелуан, уеблэмэ мелард бжыгъэкІэ нэхъ щыІэ кІыфІри зэрынэрымыльагъуу кьоныгъэм и гъунэ. Ауэ, ар итІанэщ...

Эйнштейн и дежкІэ къедгъэзэкІыжмэ, щІэнэшри зэманри зэдагъэзэгъуагъуэ, зы жыпхъэм зддимытрэ чэсей пІэтепхъэм хуэдэу, яшащІирашэкІи зэхуалъэфэсхэ хъууэ. АтІэми (апхуэдизу лантІэу а тІур щыщыткІэ), абыхэм, иджырей щІэныгъэлІхэм зэрагъэувауэ, зызэрадзэ-зыкьызэрадзэкІми, «хысыдж-толъкъунхэми» зыкьыщыдэтырыныщ. ПІэтепхъэм, щыгтыныпщІкІэ, макъ зэрыригъэщІым ещхьу, пкъырэ пщІэрэ зиІэ гуэрым зыхэт къэухьым, псынщІагъэшхуэ щызэриихьу, щитхъуэбгъэкІэ, хьэщекІуэкІ зэманри и пІэ щрегъэкІ, а псом я лъэужьри хысыдж-толъкъунхэу дзнэ лъэныкъуэкІи щызэбгрыкІхэр къыщІагъэхъу.

КъызэрекІуэкІам дыпхьилпІыжмэ

АтІэми, гравитацием и къэкІуэкІэу апхуэдизу «зэщІэскъыскъэкІэ» щІэи гъуни зыдамылъагъу уахэм щыщІэнкІэ зэрыщІыхьыным щІэгъэлІхэр 1910 гъэхэми зэдегупсысат. Арщхьэкіэ, ахэр, гравитацием и хысыджхэр, альэндэрэ къэубыдыгъуэй дыдэу зэрыщІатам, Іэмэпсымэу къыкуэгъэсэбэнахэм зэрыхуэмыІэкІуэлъэкІуам къыхэкІыу, си гугъу тщІыхэм хуэдэ зэрыщІым япэ дыдэу гу щыльатар, дызэплъэкІыжьынщи, ильэси 8 къуэдий илэкІащ.

Іэмалэу къыхуагъэтари къыхэзымыкІуащ, «Ар сыт?» - жыфІэзэ, фыщІэупщІэмэ, зи зэхэлъыкІэм нейтрон пкъахуэжьейхэр щебэкІ пульсархэр (чыным хуэдэу, хуабжьагъэ и дыдэ зезыхьэу зызыхъуэж джэлэсым екІэрэхъуэкІ, зи льэщагъкІэ «мальхъэдис губгъуэ» абрагъуэ къэзыгъэщІ вагъуэхэр) къызэрагъэсэбэнарц. Нэхъ Іупщ1у кьыхэдгъэщІмэ, абыхэм кьапкърыиуцІыщхькІ радио-хысыджхэм, зы мащІэкІэ нэхъ мыхъуми, зэрызахъуэжьи щхьэкІэ зи гугъу тщІа нано-герц лъэщапІэм (NANOGrav) и фІыгъэкІэ зэщІэІа хъуа щІэныгъэлІхэр, илъэс бжыгъэм кьриубыдэу, ди планетэм адэкІэ-мыдэкІэ щыщІэ радиотелескоп куэдыкІейхэмкІэ зэрыкІэлъыпІлъарц.

Пульсархэм радио-хысыджхэу кьызыхуатІыщыкІхэр апхуэдизу зэкІэлъыпІэкІуарэ зэгъэкІуауэ зэманым щызэкІэлъыхьащ, абыхэм (пульсархэм) нэхърэ нэхъ «сыхьат» зэтекІыгъуейрэ нэхъ пэжрэ щІэи гъуни зимыІэ уахэм кьыщомыгъэтыфыну апхуэдэщ. А хьэл-щэнкІыр зэрагъэщІауэ щІэныгъэ зэгъуагъэу, зы жыпхъэм зддимытрэ чэсей пІэтепхъэм хуэдэу, яшащІирашэкІи зэхуалъэфэсхэ хъууэ. АтІэ-гъуэ лэкъымыр (галактикэр) зи хэщІапІэ пульсар 67-м кьапкърыпсыкІ радио-хысыджжэу секундэм и мелард Іыхьэм кьрифыдзэу мащІэ дыдэу фІэкІа зызымыкъуэжьэм я къэкІуэкІэм.

Апхуэдэ щыкІэм тетущ NANOGrav лъэщапІэм дзэй щІыкІэу зэрищэла щІэныгъэлІхэм зэрызэхуэхьэсыфар (щыхьэт здыдетхъэм хуэдизу) щІэнэшмрэ абы сыт и щІыскІи гуэпха зэманымрэ гравитацием и хысыджжэу частота лъахъэшэ дыдэ зезыхьэхэр куэдыкІейуэ хьэрышм зэрыщІыпм теухуауэ «миллисекунд» пульсархэм «кьыкъраІа» тІэкІыр...

КъыздикІыр

Гравитацием и апхуэдэ къэкІуэкІэу гу зылъатахэм щхьэусыгъуэ хуэхъуу езы щІэныгъэлІхэм я нэхъыбэм мыззкІэ кьагъэльагъуар галактикэ къэс я кум зыщызыгъэпщкІуу хуагъафащэ мащ кІыфІхэрэ. Нэхъ Іупщ1у дыгтесэлъыхьмэ, зыхьыкІэ вагъуэ лэкъымэр щІыззэлъэІэскІэ, езыхэри, гуащІэхами, зэжьхэуэн хуей зэрыхъурщ. Арщхьэкіэ, зи гугъу тщІы лэжьыгъэм пэрыта щІэныгъэлІхэм, зэрыщІэщІыкІ щІымыІэми, абы теухуІэкІ. Нэхъ Іупщ1у дыгтесэлъыхьмэ, зыхьыкІэ вагъуэ лэкъымэр зэрыщІэщІыкІ щІымыІэми, абы теухуІэкІ. Ар иксыпІэ кьалэн хьэлъэт, дызэрыхьэлІэт. Абы кьыхэкІыу тІасхъэщІэх ягъэкІунэхэр кьыхахащ езыхэм яфІэфІу. Зы цІыху закъуи хагъэзыхьакъым.

ТІасхъэщІэх кІуэну хуейкэр мымащІэу кьыщІэкІащ. А гупышхуэм и унафэщІу гъурф Борис. Псым щІэзэпрыкІыну жэщыр ирагъэхьэлІащ пшагъэу Іув тельу. Ди заулІэхэр щэхуу Вислэ зэпрыкІри, километр 20 хуэдизкІэ ихьащ нэмыцэхэм яубыда щІэлІпІэм.

Жэщыхрэ махуихкІэ къэтащ Гъурфым и гупыр. Ар икъуКІэ зэман кІыхьт, пэжыр жысІэнщи, къагъэзэжьынри дазэрыщыгуфІыкъ щІэтэкъым. Ауэ сыт хуэдэу кІыхьу къэмытами, абыхэм тэмэму зрагъэщІащ бийм и кІарур здынэсри, ахэр дэнэ дэж зэрымэу игуэшами. Абыи кьыщыпакъым, зы нэмыцэ фельдфебелрэ зы сэлэтрэ гъэру кьыздахури кьэкІуэжащ, зы цІыхуи яхэмыщІащ.

Ди тІасхъэщІэхэр Вислэ кьыщыпрыкІыжым бийм къыщІэри, Іэщ1у яІэ псомкІи кьахэуэу щІидзащ. Дунейм теттэкъым зэрыпщІэн Вислэ зэрыщІэту шыуаным ити къэкІуалъэу фІэкІа. Гъурфым и гупым кьахьа хьэпарэхэм мыхьэнэшхуэ иІащ ди дзэр Вислэ зэпрыкІыну бийм удын ирадзынымкІэ. Абы щыгъ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Фокіадэм и 1-м щегъэжьауэ

Гъэ еджэгъуэщІэм сыт хуэдэ зэхъуэкІынигъэ пІэрэ къыздихьынур? А упщІэм и жэуапыр зыфІэгъэщІэгъэныр еджакІуэхэм я закъуэкъым, атІэ абыхэм я адэ-анэхэри, уеблэмэ школыр къэзыухахэри поплъэ. Фочу жыпІэмэ, курыт еджапІэм щрат щІэныгъэрщ къэралым и къэкІуэнри и пщэдейрей махуэхэри нэгум къыщІэзыгъэувэр.

БАДЗЭУГЪУЭМ Къэралыр Думэр хэпІьэжащ «школакІуэхэр лэжьыгъэм егъэсэн зэрыхуейм» теухуа унафэм. Абы къыкІыр сабийхэр, я ныбжьыкІ ельытауэ, зэреджэм хуэдизурэ зыгъэр яхуэщІу ирагъэсэну аращ. Псалъэм папщІэ, щеджэ классхэр зэлъыІуахыу, школ пщІантІэм жыгъэр щыхасэу, езыхэм ягъэув театр теплъэгъуэхэм зэрыщыджэгуну щыгъынхэр яду, тхылъ хъумапІэхэм ядэІэпыкъуу.

«Уи сабийм зыгуэр едгъащІэ хъуну?» - жаІэу, адэ-анэм еупщІыжьхи хуеинукъым дяпэкІэ. Къэрал Думэм и Унафэщі Володин Вячеслав зэрыжиІэмкІэ, мы зэхъуэкІынитІхэхэм щІэпэІуаз езы адэ-анэхэращ. «Я къэралым къыхуэсэбэп цІыхуу сабийр къагъэтэджыну хуейм, ар лэжьыгъэм щымымэхъашэу, абы и мыхьэнэр кІыгурыІуэу щытын хуейц. Лажьэрущ цІыхум гъэуцІэ зэрызыгурыІащІэр, гъашІэм хэпщІа зэрыхъур», - жиІащ Володиным.

Школ программэм хагъэхьэж «дзэ Іуэхум хуэгъэхьэзырын» е «военная подготовка» жыхуаІэри, 2022 гъэм и дыгъэгъаззэм ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэр арэзы техъуащ аз зэрырагъэджыну унэтІыныгъэхэм:

сатыру зекІуэн, сэлат фІэхъуэ яхьфу егъэсэн, лъэсыдзэм хэт зауэлІым и Іэщэр къыхуэгъэсэбэпын хуэдэу, Калашников и цІэр зезыхьэ автоматыр егъэщІыжын, Іэрыдз гранатэхэм хуэІэрыхуэ щІын, дзэм хэту зэуэным, зауэм хэту зэрызыхъуэмэжыным, зауэлІхэмрэ дзэзешэрыскъыр узынщэу, къэуат щІэлъу, Іэфіу щытІыр хуейц. Фокіадэм и 1-м щегъэжьауэ дзэтхэнэ щІыналъэм ит урысей школми а Іуэхум текІуэдэну мылъкур Іэрыхьэнуц».

2023 гъэм щегъэжьауэ егъэджэныгъэм къыщагъэнэІуэнущ «дыщэ стандарт» зыфІаща, школыр къэзыухахэ дзэтхэнэ зыми бгъэдэлъныхъэ щІэныгъэм и мардэр. А зэхъуэкІынигъэхэр уней школхэми ильэсэсынущ. Абы къикІраци, егъэджэныгъэмкІэ министерствэм и пщэ дельхьэж къэрал программэмэхэр, еджакІуэхэр зэреджэну тхылъхэр зытхынухэм ятеухуа унафэр кІыщтэну. 2022 гъэм дыгъэгъаззэм и 31 пщІондэ ятха еджакІуэ тхылъхэр ильэситхум и кІуэцІкІэ фІэкІа лэжьэжьынкъым. Иджыри къэс езы школхэм къыхахыну хуитащ зэреджэну программэхэри Іэмалэсымэхэри. А хуитныгъэр абыхэм дяпэкІи къыхуагъэнэнущ, ауэ программэмэхэм ярыт щІэныгъэр къэралым къыбгъэдэкІыу щытынущ. Къинэмыщыдыуэ, гулъытэ хуащІынущ еджакІуэ тхылъхэм ярытымрэ ЕГЭ-м къыхэхуэ упщІэхэмрэ зэтехуэу щытынкъым. Тхыдэр зэрырагъэджынур Президентым и дэІэпыкъуэгъу Мединский Владимиррэ МГИМО-м и ректор Торкунов Анатолийрэ ягъэхъэзыра тхылъыщІэхэмкІэ.

Уэр нэхъ дахи сэ згъуэтынщ

Фокіадэм и 9-м Урысейм къыщагъэлъэгъуэн щІадзэнущ мы гъэм къыдэкІа «Барби» фильмыр. Абы и зэранкІэмк, и фІыгъэми, «тхъэІухуд модэм» унэтІныныгъэщІэ къыхихыащ: дяпэкІэ хъыджэб дахэу къаблытэм и пщэр Барби гуащІэм ейм ешхыу кІыхьэр лантІэу щытын хуейц. Апхуэдэпщэ пфІэту дунейм укъытемыхьамэ, ягъэ кІынукъым: уи пІэмрэ уи пщэмрэ зыгъэлажьэ хуэм «Барби-ботокс» хыбогъэІури, зэфІэкІащ.

«БОТОКС» псалъэр ди псалъалъэм къызэрыхьихэрэр мащІэ щІа? Зи нэкІу зэпІэм и напэкІэ ирикъуэдижьмэ ІуэхуІу «ботулотоксин» - ткІуаткІуэр къызыхэщІыкІар къэтщІэну и ужь дивмыгъэхьэ, къыджалэнукъым. Абы и дэтхэнэ лІэужьыгъуэри зэрылажьэр зы Іэмалкі3щ: хуэм (мышщэм) псантхуэм (нервым) и унафэр зыхимыщІэжьын хуэдэу, хуэш хагъэхьэри, шэщІа зэпыту къонэ, фэм зеукъуэдиижь. Дытепсэлъыхьын хуей щІэхъуэр абы щІэуэ къыхьыха лІэужьыгъуэр иджы нэкІум фІэкІауэ, пщэм зэрыбзэбгащ. Сытми, цІыхуфэр еуэ-еуэу ягъэпщ, яшэщІ, ядыж. Фэбжь къатехуэу абы хуэныкъуэ хуъуахэр щхьэхуэми, мастэ зыхаІуурэ нэхъ дахэ зызышІ поери нэхъ лъагъуГуфаф1э хъур пэж? А Іуэхум уз хэзыхха я бжьгъэр ябзышІ, илыкІаІауэ дунейм ксыщытрагъэхьэр закъуэтІакъуэхэхэрщ. ЗэхъуэкІынигъэ гуэр зыдэплъагъужьын папщІэ, нэхъ мащІэ дыдэу, зы плІэм (дамащъхэм) масти 10-м нэс хэпІун хуейц. А щытыкІэр къызэрызэтенэнур илъэс нЫкъуэ къудейщ.

Косметолог Іэщ1агъэм илъэс зыбжанэ ирилэжьа нэужь, гуэныхь къызэрихьым нэмыщІ, кьилэжь ахъшэм берычэт зэрыхэмыльъым гу лЫтэу, езыми игуэр и щхьэрэ зэбгъэжу, ар хьІфІэзыдза хъыджэбзщ иджынсту зи псалъэ зэхуфдыкІыр. КъэмыцІыхун папщІэ маскэ зыІуилъхьащ, и макъыр компьютерымкІэ иригъэхъуэжри, ищІам хущІегъуэжа косметологым и хъыбарыр зэрыщІэщІ ищІащ. Зыщ1игъэпщкІыр гурыІуэгъуэхъэ? Къыззэрыхуамыгъэгъунур ещІэ, сыту жыпІэмэ, косметологием ахъшэшхуэ щызохІуэ.

«Сэ дохутыр сыхъуну сыхуейуэ сыхуеджащ Іэщ1агъэм, медицинскІэ институтыр къэзухащ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ сиІэщ. Косметологэм куэд къызэрэлажьыр щысльэгъум, абы сыхуеджэжыным сытегушхуащ. Мазищ курс е абы нэхъ р нэхъ мащІэж къэбзухмэ, хуит узыщІ тхылъ къуату къыщІэкІащ. Ар къэрал хабзэм ирадзыкъым, ябзыщІу аращ. Мединцэм уемыджэхуаэу куэд соцІыху косметологыу лажьэу. Семинар гуэрхэр щыІэщ мазхуит-щыкІ зэфІэкІра «сертификат», улэжьэну хуит узыщІ тхылъ къуатыжу. Уеблэмэ косметологиемкІэ институт е нэгъэщІ еджапІэ къэбуха хуэдэу диплом къеІыпхыфынущ. ЦІыхуэм зыхамыщІыкІ Іуэхум дзыхь хуащІри, зыкъраГъэгъапІэ. Хэхъуэр инщи, аращ псоми косметологием зыщІратар. Махуэм мини 150-рэ, мин 200 къыщыхсхъуа къысхуихуащ.

Иджыпсту «модэщ» уи дахагъэр ебгъэфІэкІыну. ЛІыхуэ куэд щыІэщ я теплъэм арэзы къимыщІу. ЯІлкэм жрамыІэхъэу, хьэгъуэлІыгъуэм и пэкІэ е иужькІэ хъыджэбзхэр макІуэ косметологым деж. НысащІэм зыгуэр зригъэІэзауэ, и теплъэр ихъуэжауэ зымыщІэххэ лІыхэр щыІэщ. Апхуэдэу сыкІапхъуащ, сыт щыгъуи ахъуэдэу сыщытащ жеІэри, щІалэми ар и фІэщ мэхъу.

Косметологым лэжьэн щІидза къудеймэ, ику иту махуэм сом мин 30 хуэдиз кьхъ. И цІэр игъэІуауэ, псори щыщІэупщІа гуэрмэ, мазхуэм сом мин 500-м нэс къилэжьыфынущ. Ауэ езы косметологхэм я лэжьыгъэм трагъэкІуадэр мащІэ дыдэщ. НэкІум и теплъэр зыхъуэжк уэфиллерхэр» е «гиалурон фІэІупс» хуэдэхэр абыхэм я лІэужьыгъуэ нэхъ пудкІэ яхъуэж. Абы зэранигъэ куэд дыдэ кьеушэ. Сэ мыпхуэдэу къыщыщІыІауэ щытащ. НэкІущхьэр нэхъ ин сщІыпэ пэт, лЫнтхуэм сыкъэзхуэри... ЛЫнтхуэм узэрыкьэхэуар занщІэу пльагъурКъым. Арати, «некроз» жьыхуаІэм хуэдэ хъеуэлІ сызэІэзэ хъыджэбзым. Косметологием ар хьэлъэ дыдэу къыщыщІытэ узщ. Хьыджэбзыр тхьэусыхэри, куэд дыдэрэ дызэрызелъэфащ. ЦІыхугъэ мымащІэ сиІэщ анализи нэгъуэщІи ямыщІу, цІыхум кьеузыр зэхамигъэкІыну, Іуэхум и ужь ихьэу. Езэгъыну пІэрэ мыпхуэдэ наркоз хуэпщІыну, псалъэм папщІэ? Абы елІэлІэхэхэркъым. «Литоксация» (щэр кьыззрыдах Іэмал) жьыхуаІэм илыкІыпа щыІэщ. Иджыри къэзыри? И Іупэхэр ин ищІыну къэкІуащ, псалъэм папщІэ, хьыджэбзыр. Ауэ Іупэр иергъэщІри, абы нэкІущхьэр емыкІужу кьщІощхэу е и пэр иныІуэу кьыфІющІ. ЦІыхум зэ зрегъэІэзэ косметологри, ар хьэл хуохъу хуэм-хуэмурэ. «Уэ иджыри мыщэ щІэмэ, нэхъ дахэж хъунут», - кьыжраІэ, нэхъыбэм утрагъэгушхуэ. Си щхьэкІэ, ди щІыналъэм (хъыджэбзыр Дагъыстэным щыщщ) зы косметолог искъым къызыихъэлІа пкъахуэм и зэран къыуымыкІыжынкІэ щэсыпІэ иувэфыну. ГуваІэщІохамэ, ушэм хуэмыкІуэжьын быри яхэткъым. Асыхьэтым къыпщымыщІамэ, илъэс зыбжанэ дэкІмэ, зыкъыуигъэщІэжынущ а къыпхалъхьам.

Косметологиер Іэщ1агъэ нэгъэса хъуакъым идджыри. Ябп къэсыр иролажьэ абы. Эзман дажІа нэужь, теплъэ зэбгъэгъуэгъам зехъуэж. Мыпхуэдэ Іэмал щыІэщ, псалъэм и хьэтырКІэ: операцэ уамыщІу, пэр нэхъ цІыкІу пщІыу хъууэ, «гиполитикэр» къагъэщхьэпэу. Апхуэдэ Іэмалкі3 зыгуэрым и пэр хуахъуэжати, ираХьэлІапхъэр дахэ-дахэу къабжатэкъым. Пэр цІыкІу ящІауэ аратэкъым, ар къызыхущІыкІа хъыщтыр (хрящ) нэхъ мащІэ ящІат. Сытми, пэм и нЫкъуэр имыІэжу аращ цІыхум абы щІэлъ. Ищхьэбэмэ и пэм и ныкъуэр гуэрхэм, лъагъуГуэй хъуауэ щытащ. Куэд дыдэм къащощІ апхуэдэу: нэхъ дахэ хъунУ щыгугъыу, ауэ щыхъуКІэ, фаджэльджэ дыдэ хъууэ. Нэсыпауэ сабий зыифІэкІуэдыжа щыІэщ, адрей узэкъм я гугъу умыщІ.

ПщІэ зиІэ, хуеджа, хэзыщІыкІ косметологым бгъэдэлъэу щытми, ари щэсыпІэ иувэфынукъым зыри къыпщымыщІынкІэ. Иджыпсту «мыпхуэдэ косметологым дригъэхъуПІащ» жьызыІэхэри инстаграмым къралъхьэхэри къащІэжу. Езыхэм ящІа операцэм и суэрт къыщралъхьэкІэ, ар нэгъунэ фотошопкІэ, суэрэтыр зэрахъуэжи компьютер Іэмалкі3 зэрагъэзахуэ. Рекламэ яхуэзыщІ блогерхэри къащІэжу. ЦІыху цІэрыІуэхэр ирагъэхъуІауэ, езыхэм я деж зыщагъэдэха хуэдэу кьагъэлъагъуэ. А псори пщІыщ. Абыхэм зыкъебгъэгъапІэ хъункІэ.

Жыг щІагъыр бжьыхьэм джафэу щІэзгъэкъэбзыкІат, ауэ сыт телъыдж, абы Іуву аму къыщІэкІащ. ЗанщІэу сегупсысащ Бэчмырзэ кьуажэдэг сабийхэр гъатхэ къэс мэзым ишэуэр я кьыжыгъэр ирутэшхыу зэрыщытам. Зы Іуэхугъуэ сигу къэжьжьри, сыдджэрэзащ.

Сэ зэман хъуауэ къуагрЫ ныбжьэгъуэ сиІэщ. Хадэм сыкъызэрихьэу ар си гуэнгъуэ къотІысэхри, кхъуей Іыхьэ къхуэхьар ешх, итІанэ жеІэжэм едаІуэу къотІысыж. ЗэзэмыцІэ къыщыкъурт абы сыкьыгурыІуэр. Гъатхэм си ныбжьэгъумрэ сэрэ дыуэрщэру хадэм дису, Бэчмырзэ теухуауэ си тхъэмадэм къыхуиІуэтэжауэ щыта хъыбарыр жеІэжат.

Гъатхэ къэс, накъыгъэ мазэм, Бэчмырзэ кьуажэм дыхэрти, унагъуэ хэсэ елъэІурт, кхыкІэлъыкІуэ махуэм я сабийхэр езым и Іьапсэм къагъэкІуэну. Дауи, куэдым ящІэрт абы сабийжэ зэхуишэсурэ амуушэ зэриншэри, къагъаКІуэрт.

А цІыкІуэм амур зыщІыхуи яхэтт, ауэ нэхъыбэм япэ дыдэу яльаГуэу арат. Зым къытесхьэркъым абыхэм ягу зэрыхэхъуэм, аму къэжкІыгъэм и сэбэп зэрекІым. Бэчмырзэ амум и сэбэпынагъыр ищІэрти арат щІэлъэщІэм щІахуэупсэр.

Иджыкі3 а мэзыр Нартан жьлэм къыттрахри кьалэдзэсхэм хадэ щащІэну, унэ мыинхэр иращІыхьну хуагуэшащи, мэзым дыкуэныкъуапащ. «Бетэмал, а мэзыр диІэжамэ, сэри гъэ къэс сабийхэр амуушэ сшэнтэкъэ», - зыкъуэзгъэзащ си ныбжьэгъу къуарГъым. Абы ар игу кьеуа хуэдэ, и дамэхэр гуэгъэхуарэ щІым хиІьафэру заулкІэ къикІуКІ-никІуКІыу щытащ.

Щ1ымахуэ кІыхьыр зэрикІыу, балиеИхэмрэ пхъэгулъейхэмрэ гъэщІэм пежьэу къэгъэгъащІи, ихьуреягъыр ягъадэхэ. Си къуарГъым и кхъуей Іыхьэр сІыгГыну амум зэщІищта жьыг щІагъым зыхоплъыхьри сыщІэтат. Ар ныбжьэгъуэ зыхоплъыхьэ, абы хэту къуарГъыр джэуэ къотІысэхри, и кхъуей Іыхьэр зыІэрегъэхьэри арззыуэ ирегъэмэрэкІуэх. Мы дуней ябзыр ауэ къыщыхъуркъым, ар хьэжъщ.

Абы пьандэрэ дэри хабзэ тхуэхъуауэ щІалэгъуалэр зэхэуэтшэсэрэ аму идогъэшх, Бэчмырзэ и хъыбархэм ящыщ яхудоГуэтэж. Ар пІалъэкІэ зыхуэхэзэр Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэмрэ Музейхэм я махуэмрэщ. Адыгэхэр хэкум кьинэн папщІэ Бэчмырзэ илэжьакъэм я хъыбар щІэблэм яхудоІуатэ, и усэхэм зэгъуэгу дыкъоджэ.

Мы гъэм ди музейм щыхьэщІащ КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щеджэ студентэхэр. Ахэр къашат я егъэджакІуэзэу ХьутІэжь Заудинрэ Унэтлокъуэ Вячеславрэ.

Абыхэм музейм зыщедгъэпІэныхьащ, Бэчмырзэ и хъыбар бжьыгъэшхэм ящыщ яхуэтІуэтащ, я упщІэхэми жэуап етташ, итІанэ, хадэмкІэ дыкІуэри, ары хъуар тшхащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Бэчмырзэ и аму

Адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъауэ кьалъытэ, зи псалъэр нахуэ, акъылыр жан, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэу псэуа Пащ1э Бэчмырзэ Іуэжь бей къытхуигъэнащ. Ар псэуху телэжьащ адыгэ тхыбзэр, тхыдэр нэхъ дахэ, кьулей щІыным. Ар зэрыщІэщІ ищІ, «Дыщэ мыгъуэ», «Гъатхэ», «Си щІыпІэм папщІэ», «Жьы хъуар гу махэщ», «Дуней хуэнэнр - щІэныгъэ Іуэхущ», «Уэ щІакІуэфІ умыІэу...», «Эсят» «ГъащІэм и уасэ зыщІэр», «Фызыжь», «Зэманыр псынщІэу йокІуэкІыр...» усэхэр нобэми «бзэгупэм телъу къраХьэкІ», - жьыуаІэм хуэдэщ. Сыт и уасэ Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр»?! Абы и дэтхэнэ тхыгъэми адыгэхэм я псэуКІар, зэхэтыкІар, а зэманым къекІуэкІа Іуэхугъуэ куэд къыхощІы. И лэжьыгъэ щхьэпэхэм абы и цІэр адыгэ тхыдэм къыхаращ. Пащ1э Бэчмырзэ и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Нартан дэт курыт еджапІэхэм язым, абы и фэеплъ музей дэтщ къыщалъхуа къуажэм. А музейм и унафэщІ Пащ1э Ленэ Бэчмырзэ теухуа гукъэкІыжхэм ящыщ зы иджыблагъэ къытхуихьащи, ди гуапэу тыдодзэ:

* * *

МЫГЪЭРЕЙ гъатхэр пасэу къихьащи, щыІмахуэ щІыІэм иригъэззэщ цІыхур хадэм щопэщащэри итщ. Пасэу къэгъэгъа хуэрэджейм нэр щызу уеплъыфырыкъым, тхьэІухудщ. ИлъэсиплІ хъуауэ хуэрэджейм упхымыплъыфу мэгъаГъэ, ауэ къыпІэІакъым, зэм щІэ къоуэ, зэми уэ гуащІэм зэхеубражьэ. Гъэ къэси хуэдэу, мы гъэми хуэрэджейм дыщогугъ. Тхьэм ещІэ зэрыхьУн...

Си анэ шэпхъу Кьала (Анзорей щопсэу) джэдгьн жьылэ кьызитар хэссэну хьэсэ згъэхьэзырырт. Джэдгьнкі3 зэи сыерщащхьи, кІуэ арахъэ, Кьэрт1офыщІым и Гъусэу зэзмызэ сфІэфІт армыхъу. Ауэ Бэчмырзэ дадэ и хьэзырэм дапщэщи джэдгьн илъу, арыншауэ гъуэгу темыхьэу зэрыщІтар къэсщІэжри, абы и фэеплъу згъэхьІну сигу ислъхьат. Бэчмырзэ абыиІэ ельэзэрт зиІу кьыпльэпхъэхэм, псэ къызыщыхьэхэм. Езы Бэчмырзэ и зы дэз мыхьеяуэ дунеймэ ехьжьауэ жаІэжырт. Джэдгьнмэ дзэлыр егъэхъуж, быдэ ещІ, узыифэ зэмылІэужьыгъуэхэм щахъумэ.

Хьэсэр згъэхьэзырурэ Бэчмырзэ и мыІэрысейм деж сыкъэсащ. Ар хадэкум хуоэз, жьауэшхуэ ещІри, зыгъэпсэхупІэ бэлыхьщ. ГъэщІэгъуэныр аракъэ, хадэм силэжьыхьэрэ адэкІэ схуэзфэмыкІыжІауэ сешащэу щытащ. А щІалэм сыщІэса иужь, гуКи псэкІи зызоГъэпсэху, кьару кьысхелъхьажри, мыІэрысейм фІыщІэ хуэсщІурэ си лэжьыгъэм пызощэ.

Жыг щІагъыр бжьыхьэм джафэу щІэзгъэкъэбзыкІат, ауэ сыт телъыдж, абы Іуву аму къыщІэкІащ. ЗанщІэу сегупсысащ Бэчмырзэ кьуажэдэг сабийхэр гъатхэ къэс мэзым ишэуэр я кьыжыгъэр ирутэшхыу зэрыщытам. Зы Іуэхугъуэ сигу къэжьжьри, сыдджэрэзащ.

Сэ зэман хъуауэ къуагрЫ ныбжьэгъу сиІэщ. Хадэм сыкъызэрихьэу ар си гуэнгъуэ къотІысэхри, кхъуей Іыхьэ къхуэхьар ешх, итІанэ жеІэжэм едаІуэу къотІысыж. ЗэзэмыцІэ къыщыкъурт абы сыкьыгурыІуэр. Гъатхэм си ныбжьэгъумрэ сэрэ дыуэрщэру хадэм дису, Бэчмырзэ теухуауэ си тхъэмадэм къыхуиІуэтэжауэ щыта хъыбарыр жеІэжат.

Гъатхэ къэс, накъыгъэ мазэм, Бэчмырзэ кьуажэм дыхэрти, унагъуэ хэсэ елъэІурт, кхъкІэлъыкІуэ махуэм я сабийхэр езым и Іьапсэм къагъэкІуэну. Дауи, куэдым ящІэрт абы сабийжэ зэхуишэсурэ амуушэ зэриншэри, къагъаКІуэрт.

А цІыкІуэм амур зыщІыхуи яхэтт, ауэ нэхъыбэм япэ дыдэу яльаГуэу арат. Зым къытесхьэркъым абыхэм ягу зэрыхэхъуэм, аму къэжкІыгъэм и сэбэп зэрекІым. Бэчмырзэ амум и сэбэпынагъыр ищІэрти арат щІэлъэщІэм щІахуэупсэр.

Иджыкі3 а мэзыр Нартан жьлэм къыттрахри кьалэдзэсхэм хадэ щащІэну, унэ мыинхэр иращІыхьну хуагуэшащи, мэзым дыкуэныкъуапащ. «Бетэмал, а мэзыр диІэжамэ, сэри гъэ къэс сабийхэр амуушэ сшэнтэкъэ», - зыкъуэзгъэзащ си ныбжьэгъу къуарГъым. Абы ар игу кьеуа хуэдэ, и дамэхэр гуэгъэхуарэ щІым хиІьафэру заулкІэ къикІуКІ-никІуКІыу щытащ.

Щ1ымахуэ кІыхьыр зэрикІыу, балиеИхэмрэ пхъэгулъейхэмрэ гъэщІэм пежьэу къэгъэгъащІи, ихьуреягъыр ягъадэхэ. Си къуарГъым и кхъуей Іыхьэр сІыгГыну амум зэщІищта жьыг щІагъым зыхоплъыхьри сыщІэтат. Ар ныбжьэгъуэ зыхоплъыхьэ,

Ди лъэпкъ шхыныгъуэхэм ятеухуа лэжьыгъэ куэд щы-Іэщ. ПщафІэ Іэзэ Къубатий Борис и тхыльхэр тегъэщІапІэ ищІу, Пащты Раминэ 1998 гъэм итхауэ щытар къэтІэтыжащ, тфІэгъэщІэгъуэн хъури.

ДЭ тщыщу хэт зымыгъэунэхуар адыгэ шхыныгъуэхэм я Іофыр? Дэтхэнэ унагъуэми щагъэхьэзыр абыхэм ящыщ гуэр. Псалъэм папщІэ, ди Іэнэм текІыхэркъым джэдлыбжьэр, пІастэр, куэдрэ дощІ кхъуейжьапхъэ, лыцІыкІулыбжьэ, нэгъуэщІхэри. Псом хуэмыдэу ерыскъыфІ къыщыпІэтыр гуфІэгъуэрщ. Абы щыгъуэм лъэпкъ шхыныгъуэхэм ящыщу Іофыкіэ нэгъунэ дгъэхьэзырыну дыхунос. Ауэ, Іэхуракъэ, зэманыр кІэху адыгэ шхыныгъуэу тщІым я бжыгъэм хощІ, абы къыдэкІуэри а тхъумэ мащІэр зэрыдгъэхьэзыр щІыкІэр дохъуэж. Мы Іуэхум иригъавэу тхьалъ щхьэхуэхэр игъэхьэзыращ Къубатий Борис.

Адыгэр зэрыерыщу щытар куэд хъуркъым - Іэщэ, фащэ, шхыныгъуэ. Апхуэдэу щы-щытКІэ, хъумэн, зегъэужьын хуейщ адыгэ Іэнэм.

Сыт жэмыкуэр шхум щы-дашхьэр? Іыр щІакхъуэм щІыдамышхьэр? Мы упщІэхэм Къубатийм жэуап ярет: жэмыкуэм дагъэ куэду щІолъщи, шхум нэхъ шхыгъуафІэ ещІ, икІи абы и гъусэмэ нэхъ сэбэщІ. Пхм щІакхъуэ дэпшхыну тэмэмкІым - узынщагъэм дежкІэ зэранщ. Пластэрщ лым декІури, ар тынщу зыгъэхІури. Гъэвауи гъэжьауи лыр зи Іэнэм темыкІ адыгэхэм пІастэр абы щыгуамыкри арат. ИтІанэ, лы гъэкІэ пшъэр пшхауэ псы щІыІэ ефи - щэр шхалъэм, кІэтІийхэм, къурмэкъейм иригъэдмиХынущ. Аращ лы гъэвам сыт щыгГуи лэпс щІытрафрыхьыжыр.

Шхыныгъуэ къэс и пщэфІыкІэ ИІэжщ, абы утекІ хъужнукъым. Арщхьэкіэ пІастэ дедгъэм щегъэжьауэ, абы и пщэфІыкІэр куэдым яІщІо-гъупщкІ. Нэхъапэм пІастэр фІыуэ ягъажьэу щытащ, крупа сыт хуэдэхэри халъхьэртэкъым, нартыхуэ хьэжьгъэ тІэкІу хаудэ мыхъумэ. Сыхьэт нкІыуэ хуэдизкІэ бгъэжьа пІастэр тхъэмахуэ нэблагъэкІэ щылъщ, зыри къыщцымыщу.

«Нартыхуэ зыхэуда пІастэ, нартыхуэ гуа хьэнтхъупс пшхыкІэ умэжкэлІэн къанэркъым», - жаІэ. Къубатийм абы ирит гурыІуэныгъэрщ: «УмэжкэлІэнущ - абы щІэлъ къэуатыр лыр пІастэрэ щызэдэпшхьэн хуэдэкъым, лыр пІастэм псынщІэу доткІри, шхалъэм, кІэтІийхэм дежкІэ сэбэпщ; пэжщ, нартыхуэ гуа хьэнтхъупсри гъэткІигъуафІэщ. ШкІэплъ тедзэжауэ ар сытым хуэдэу Іэфі езыр! Кьинэмыщ Іауэ, нартыхум витамин Е куэду хэльщ, ар цІыхум ишхрейм, и фэр къеГъэщІэрщІэж».

Къэзрыщ Іэкіыкіыкіэ, джэд шыспри пвтэ тэмэму тхуэгъахьэзыркъым. Нэхъапэхэм абы шатэ халъхьэу щытаКъым. «Адыгэм шыпс ищІынумэ, иуКІыр джэдыжьт. ДжэдыщІэ игъажьэмэ, шатэ тІэкІуІэщІигъэжьыхьыжьыр, ауэ джэд шыпсми гуэгуш шыпсми шатэ иригъЫсэр тэкъым - ар хэлъмэ, шыпсыр щІэх егъэкІуэд. Лэпскіэ ящІа шыпсэр щагъэхуэбжькІэ и щхьэр трамыпІэмэ, нэхъ ІэфІыжь мэхъу».

Зэрытщ Іэщи, адыгэм нэхъыбэу гуэгуш щаукІыр щІымахуэрщ: абыхэм уэс яІуХуэ нэужьщ. Сыт щхьэкІэ? Гуэгушым уэс имышхамэ, и щы фэндыр фІыуэ текІыркъым. «Адыгэхэм фІэкІа абы егупсыс, ар къэзылъытэ нэгъуэщІ лъэпкъ щыІэу къыщІыкІынкъым», - жызыІэр Къубатийрщ. Ардыдэм шэч кІытриихьэркъым цІыхум и узынщагъэр лъжьыгъэмрэ шхынымрэ зэрелъытам. Нэхъапэхэм ди лъэпкъым шхэкІэ тэмэмыр зыхуэдэр ищІэу зэрыщытам къищынэмыщІауэ, шхыныгъуэ щхьэхуэхэр, ахэр къызыхащІыкІэр къигъэсэбэнкІэрэ, и сымаджэхэр игъэхъужырт. Псалъэм папщІэ, щІыІэ зыхьхьар шэ пщтырым бжэныщэ тедзауэ ирагъафэрт, зи къупщхьэ зэрытепІэхэм шыгъу дищІар шыкъым и къупщхьэ гъэвам и лэпс хуабэм хагъэгъуалъхьэрт. (ЗэрыІэзэр шыжьым и къупщхьэхэрами, яшхыну яуКІыр шыщІэрт). Мэлым и щэри къагъэгъэсэбэрт, шыгъу зыдищІа къупщхьэ зэрытепІэхэр щагъэхуэжкІэ. Ар щынэ и мэл пшэр яуКІамэ, и ныбапхъэм къытрахырт, сымаджэм къеуэ щІыпІэм деж тралъхьэрти, хуабэу трагъэлът.

Джэдыкіэ игъэвыкІам нэхърэ пхъамлэм хуэгъэвар нэхъ къащтэу щытащ адыгэхэм. Джэдыкіэ щІынэмкІэ еІэзэрт жьэн уз зиІэхэм.

Фоупскіэ зэхэщІа дэ купщІэрэ хьэкъуртрэ

Хьэкъуртыр кхъуэнэ щагъэкІэ яухуэнщІ. Дэ купщІэр кьрахри ягъэлигъуэ, щагъэпщІжри яуб е яхьэж. ЯгъэщІыкІэ дэ хьэжьигъэр, итІанэ хьэкъуртыр фо къэпІьАм хаКІуэтри, фІыуэ зэкагъэзэрыхьэ. Ар тхъу зыщцхуэ Іэнэм тралъхьэри, зы сантиметррэ ныкъуэрэ-тІу и Іуваргъыу яху. ТІэкІу зэрыдийуэ, сэкІэ къыпаупщІ, хьэлыуэм ещхьу. Къудейуэ яшх е шейм драф.

Халъхьэхэр: хьэкъурт граммии 100, дэ хьэжа граммии 100, фоуэ зы стэчаным и Іыхьэ пліанэ, Іэнэм щахуэну зы шей бжэмышх из тхъу.

Хьэлыуэ фІыцІэ

Тхъур шыуаным иралъхьэри, градуси 150 - 160-рэ хъуху кьагъэлъпІ. Тхъу къэпІьАм, бэлагъкІэ зэІащІэуэ, хьэжьигъэ хужь ухуэнщІа хаудэри, зэрызэІащІэм хуэдэуэрэ, мафІэ ешхам тету дакъикъэ 25-30 хуэдизкІэ ягъавэ. Хьэжьигъэр щІыжьам деж зэкІэрыщІущу, шыуаным кІэрымыпщІэу, езыри дыщафэу хъуН хуейщ. Хьэжьигъэр жьэхуКІэ фошыгъупсыр ягъэхьэзыр: псым фошыгъу хакІутэ, дакъикъэ 15-кІэ къагъавэри язык. Хьэжьигъэ жьар хьэкум кьытрахьжри, бэлагъкІэ зэІащІэуэ, фошыгъупс пщтырыр хакІэ, фІыуэ зэхапщ. Хьэлыуэ пщтырыр тхъу зыщцхуэ Іэнэм тралъхьэри, я Іэр псы щІыІэм хащІэуэрэ, хуэпІлимэ щІыкІэу яуб, сантиметриті и Іуваргъыу.

Хьэлыуэр псынщІэ-псынщІэу убэн хуейщ, ауэ уи Іэр куэдыІуэрэ псыф пщІымэ, хьэлыуащхьэр щІынэ хъунущ. Хьэзэр хъуа хьэлыуэ убар пщтырыкхуІэ, сэ жанкІэ Іупщ Іэ-Іупщ Іэуэрэ зэпаупщІ. Зы хьэлыуэ Іыхьэм и Іуваргъыр сантиметриті, и кІыхьагъымкІи, и бгъуагъымкІи сантиметр плІырыплІ хъун хуейщ.

Хьэлыуэ фІыцІэр ху хьэлыуэм нэхърэ нэхъ шхыгъуафІэщ. Ар хуабэри щІыІэри пшхы хъунущ.

Халъхьэхэр: гъэдз хьэжьгъэ ухуэнщІауэ грамм 435-рэ, тхъу грамми 140-рэ, фошыгъу грамм 230-рэ, псы грамм 250-рэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэр зэрыерыщу щытар - Іэщэ, фащэ, лъэпкъ шхыныгъуэ

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэр яухащ

«Мэшыкъуэ-2023» щІалэгъуалэ зэхыхьэр мы махуэхэм зэхуащІыжащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьащ, Урысей Федерацэм и хэгъэгу 87-м щыщу щІалэгъуалэ минитІ зыщІхьэуІу маззм Псыхуабэ щызэхуащэсащ. А Іуэхур къызэзыгъэпэщІар «Росмолодёжь.События» агентствэрщ.

Мы зэхыхьэр къызэгъэпэщыным я гуащІэ халъхьащ УФ-м ЩІэныгъэмкІэ, ЕгъэджакъэныгъэмкІэ и министерствэхэм, «Япэ итхэм я урысейпсо зэщІэхъеенныгъэм», «Знание» урысей зэгучъэныгъэм, УФ-м и Президентым деж сабийм и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ уполномоченнэм къыдэлажьэхэм, нэгъуэщІхэми.

Егъэджакіуэмрэ унэтІакіуэмрэ я илъэсым трауХуа зэхыхьэм егъэджакІуэ нэхъыфІхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэм щытепсэльыхьащ. Абы ирагъэблагъат егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ, а Іуэхуэмкіэ щІэныгъэлІэр, библиотекэ лэжьакІуэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ щеджэхэр, егъэджакІуэ-блогерхэр, балигъ ныбжьым нэмысауэ илъэс 14 - 17-хэм итхэм щыщу егъэджакІуэ хъунущ щІэхъуэпсхэр.

ЩІалэгъуалэр егъэджакІуэ ІэщІагъэм драгъэхьэхьн папщІэ щІапхъэм и гугъу ящІащ, иджыпсы щІэблэр зэрагъаСэм, зэрыраГьаджэм, я щІэныгъэм зэрыхагъахъуэм и хэкІыпІэу щапхъэ хъуахэм «Мэшыкъуэ» щІэныгъэ Іуэхущапіэм щепльынущ.

ЩІалэгъуалэр зэхыхьэр тІууэ гуэшауэ щытащ - «Сабийгъуэр» зышцхьэуІум и 12 - 19-хэм зэхэтащ, ар лэжьащ «ЕгъэджакІуэм и зэфІэкІ», «Іэщагъэм къыхуигъэщІа», «Къару къыпхэзылъхьэ», нэгъуэщІхэми теухуауэ. ЕтІуанэ зэхыхьэр - «ЩІалэгъуэ» фІэщыгъэм щІэту зышцхьэуІум и 19-26-хэм зэхэтар, нобэрей махуэм пэджэж Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ ІэнщІауэ щытащ.

ЩІалэгъуалэмрэ къызэгъэпэщакІуэхэмрэ ехъуэхъуну Комсомольскэ хуейм къахуеблагъат Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм егъэджанэгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Казаковэ Ольгэ, «Росмолодёжь» агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Фаттахов Дамир, Ставрополь щІынальэм и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ, финансхэмкІэ министр Калинченкэ Ларисэ, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэм щиІэ лІыкІуэм и аппаратым жылагъуэ проектхэр гъэзэщІэнымкІэ и департаментым и унафэщІ Карпов Андрей сымэ.

● Мэшыкъуэ-2023

ЯпэУ къэпсэлъар Казаковэ Ольгэщ.

- ЕгъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм, щІалэгъуалэм ядэлажьэу «Мэшыкъуэ» къэкІуа псоми фІыщІэ фхузощІ. Мы махуэхэр тельыдэжщ, Іэщ-щІэгъэуну, сэбэп пылъу вгъэкІуаеу къызолъытэ. Илъэс 15 хъуауэ къызэрагъэпэщ щІалэгъуалэ зэхыхьэр ефІакІуэ, зиужь зэпытщ, иджыпсы зэхыхьэр абы и щыхьэтщ. Гъэ еджэгъуэщІэр фхузуГуурльыну сынывохъуэхъу, - жиІащ Казаковэм.

ЩІалэгъуалэм заужьынымкІэ «Мэшыкъуэ» зэхыхьэр щхьэпэу къызэрилъытэр жиІащ Фаттахов Дамир.

- «Росмолодёжь»-м къыбгъэдэкІыу псоми сэлам фызох. Фи гукъыдэжым тепщІыхьмэ, «Мэшыкъуэ» зэхыхьэр фигу зэрыприхар нэрылъагъущ. Мыбы щывгъэкІуа мазхуэхэм Іэмал фиІащ щІыу пэрытхэм фаІуущІэну, фепсэлъэну, я чэнджэщ зэхэфхыну. ЩІалэгъуалэ зэхыхьэр кІуэ пэтми нэхъ ин зэрыхъум хуабжьу дыщогуфІыкІ, абы зэхуеплъэ ди къэралым ис щІалэгъуалэ жьыджэрэр, мурад ин зиІэхэр. ФехъулІэну, мыбы щІэуэ къыщыфщІа псори къыфщхьэпэну си гуапэщ. Ставрополь щІынальэм зэхыхьэ дахэ къызэрыщызэрагъэпэщым папщІэ мыбы хэта псоми кьабгъэдэкІыу фІыщІэ яхуэсщІынут.

Адэкіэ псалъэ ираташ Калинченкэ Ларисэ

- Фи щІэныгъэм зэрызэхъэхуам и мызакъуэу, ныбжьэгъу, акъылэгъу куэд мыбы къыщывгъэтуэу сыщогугъ. Нэхъыщхьэраци, фэ къывгурыІуащ, узэгъусэмэ, куэд зэрыпхузэфІэкІынур, зэрыпхузэхуэжынур.

КъыкІэлъыкІуэу щІалэгъуалэм захуигъэзащ Карпов Андрей.

- ЛъэпкъкІуэдэ зэгъусэу, зэгурыІуэу щыпсэу Кавказ Ищхъэрэм фы-къызэреблагъар гуапэщ. ПІащІы-гъуэ бжыгъэкІэ а лъэпкъхэр я зэгурыІэныгъэм толажьэ. Мис а лъапІэныгъэхэращ мы зэхыхьэм и Іыгъ. Быдэу си фІэщ мэхъу ар фэ зэрызыхэсфщІар, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, «Мэшыкъуэр» фи мурадыщІэхэм къежьапІэ яхуэхъуащ, мыбы куэдым фыщІыхъуагъэсащ, куэд щІыхуГэ къыщыфхуэхъуащ. ФефІэкІуэну, фи мурадхэм гъащІэ яІэну си гуапэщ.

«Мэшыкъуэ-2023» щІалэгъуалэ зэхыхьэм зи лэжьыгъэ зэхыхьэфІу къыщалъыта ныбжьыщІэ 30-м псоми зэхэту сом мелуан 12 ираты-нущ, я мурадхэр зэрагъэхъулІэн папщІэ.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэр «Чили» гупым я концерткІэ зэхуащІыжащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ТхылъыщІэ

Лэскэн щІынальэм и къекІуэкІыкІар

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Лэскэн районыр къыхэзрыуэхурэ илъэс 20 зэрыкъуР щагъэлъапІэм ирихьэлІэу, Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхыльэ тедзапІэм къыщыдагъэкІащ «Лескен, мой край родной!» сурэтылъэ-альбомыр. Ар зэхагъэуващ районым и Іэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбийрэ журналист ГуІэтыжь Залинэрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и пэублэ псалъэм къыкІэлъокІуэ Лэскэн щІынальэм и администрацэм и унафэщІ Инжыжокъуэ Сэфарбий и «Гордимся историей, творим настоящее, смотрим в будущее» зыфІища и тхыгъэ кІэщІыр.

- СауГэт папщІэ хъуа тхылъым къыщыгъэльагъуащ Лэскэн щІынальэр къызэрызэрагъэпэщыжрэ блэкІа илъэс 20-м кІуидыдэу кІикІуа гъэзугъанэ дахэр. Районым и Іуэхущ Іапіэкэм я тхыдэр, щІыпІэр егъэфІэкІуэным хуэлажьэ Іэщ ІагъэлІэкэм, щІэныгъэм, лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэфІэкэ хуэзыщІа щІыкІуэу щаджащІэу я блэкІари нобэрэ къыщыгъэльагъуащ абы, - жеІэ Котляров Виктор.

«Мое село - мой край родной», «Имена на поверке истории», «Имя гордится район», «Знаковые личности района», «Тренируйся. Борись. Побеждай» Іыхьэкэр теухуащ Анзорей, Аргуан, Урыхъу, Хьэтуей, Ерокъуэ, Ташлы-Тала, Лэскэн ЕтІуанэ, Лэскэн Ипщэ, Уэзрэдж къуажэхэм я тхыдэм. Районым и Іэщ зэрыгушхуэ щІыхуэкэр. Апхуэдэхэщ зи хэку щІыкІум и щІэр СССР псом, хамэ къэралхэм щызыІэтыІуа, Социалист Лэскьыгъэм и Лыхъжь, мэкъумэщыщІэ щэрыуэхэу Іэрэмысэ Ахьмэдэр Тэрчокъуэ Къамболэтрэ, Лэскэн ЕтІуанэм щыщ Къумахуэ зэкъуэшхэр: щІэныгъэлІ, патент къыщІратын къэхутэныгъэ куэд зэзыгъэхъулІа Мурадин, бзэ щІэныгъэлІ Мухьэдин, аграрнэ экономикэм теухуа къэхутэныгъи 150-м щІигъу езыгъэкІуэкІа Башир.

«Литература, культура, искусство» Іыхьэр хухахащ тхакІуэхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ я гъащІэмрэ гуащІэмрэ. Абы хагъэхьащ Налохэ Зауррэ Ахьмэдхьанрэ (Хьэтуей), Шортэн Аскэрбий (Анзорей), артистхэу Къунькъ Алим (Аргуан), Атэлыкъ Быцэрэ Сосмакъ Валентинэрэ (Старэ Лэскэн). Апхуэдэхэщ Лэскэн районым къыщалъхуа, абы и щІэр фІыкІэ зыгъэІуахэу Ацкъан Руслан, Балъкъэр Юрэ, Жылэтэж Сэлэдин, Къагъырмэз Борис, Токумаев Жагафар, Сэвкіуий Хьэмид, Ларикати Феликс, Шортэн Даниткэ, Ерчэн Леонид сымэ.

КъыдэкІыкІуэм хагъэхьащ щІынальэм щыпсэу цІыхухэм я сурэт щхьэхІэплъыкІэ куэд. Абыхэм я бжыгъэр 300-м ноблагъэ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

● Футбол

Щымыіа зэІущІэхэм я бжыгъэм хохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу зэІущІэхэр щекІуэкІащ. Иужь зэманым нэхъ узыгъэпІейтейуэ мыбы хэплъагъуэр, зэрымыджэгуам къыхэкІыу, зэхьэзэхуэм и хабзэм тету, 3:0 бжыгъэкІэ хагъэщІауэ къалъытэхэм хуэм-хуэмурэ я бжыгъэм зэрыхэхъуэрщ. Апхуэдэу иужь джэгуГуэу махуищым зэІущІиш екІуэкІакъым. ЩыгъуазэфыхуэтщІыжащ абыхэм: «Имран» (Бахъсэн) - «Акъбащ» (Акъбащ) - 0:3, «Тэрч» (Тэрч) - «Имран» - 3:0, «Искра» (Алтуд) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу) - 3:0.

СЫТ ХУЭДЭ фІэщыгъэІэ зэрихьами, дэтхэнэ Іэзэгъэщ Іапіэм и цІыкІэ джэгуами, къэщІэжьыгъуейщ Бахъсэн и футбол командхэм ящыщу апхуэдэу хуэмыхуу чемпионатым щыщІидзэу пасэу зыхьата мы къалэм щІиар. Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапІэ Іэнатіэ къулейхэр щІэм, абыхэм я командэ Іыхьэрэзехьэхэр республикэ зэхьэзэхуэми Кавказ Ищхъэрэм и зэпеуэ зэмыІІэужьыгъуэхэми щыджэгуу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а командхэр зэрыдимыІэжьым къыщымынэу, хуэм-хуэмурэ топ джэгуПІэ хъарзынэхэми я бжыгъэм хощІ.

Иужь джэгуГуэхэм къыриІуэхэм уэхэпІъэмэ, псом ящхьэу гу зыльыпІтэр Псынэдахэ и «Родник» командэр текІуэ къудей мыхъуу, и хьэрхуэрэгъуэр бжыгъэшхуэкІэ зэрыхихгъащІэрщ. Абы и щыхьэтщ «Урыхум» 7:1-уэ зэрытекІуар. Нобэкіэ бжьыпэр зыІыгъым зыдзджэгуахэм я Іуэм топ нэхъыбэ дэзыгъэкІарэ нэхъ гъащІэхъуэмэфІэхэр зиІэрэ чемпионатым хэтхьэм. Футболым гъэзІэгъэн къуд къыщохьу, ауэ, итІанэ, фІэщ щІэтыгъуэ нобэкІэ апхуэдэ джэгуКІэ къэзыгъэльагъуэ гупым япэ уВыпІэр къихьыныкІэ зыгъэр зэран къыхъуэхуфыну.

Гъуащхьаучэхэм я зэпеуэм «Искра»-м и футболист Урыс Аслъэн хьэрхуэрэгъуэхэм я Іуэм топ 20 дигъэкІауэ япэ щитщ. Апхуэдиз хуэзфІэкІащ «Ислъэмейм» щыджэгу Тамаев Адам, ауэ мыр зы зэІущІэкІэ нэхъыбэ джэгуащ. Абыхэм якІэлъокІуэ зэхуэдэу щхьэж къэс топ 18 ящІэтащ Іэтахэм я Іуэм дагъэкІауэ Бэлагъы Руслан («Шагъдий»), Урысий Ратмир («Родник»), Бэчбо Мурат («Родник») сымэ.

Иджы щІыгъуазэ фхуэущІынщ командхэр иужь зэІущІэхэм зэрызэдэджэгуам къриІуэ Іыгъ бжыгъэхэм. Мис ахэр: *бэрэжьейм* - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:4**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **7:4**, **«Малкэ»** (Малкэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **0:3**; *щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ* - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **0:4**, **«Акъбащ»** (Акъбащ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **4:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **4:1**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) - **3:2**.

ДызыхуэкІуэ зыгъэпсэкуГуэ махуэхэм зэдзэджэгунущ «Урыху» - «Шагъдий», «Искра» - «Кэнжэ», «Тэрч» - «Шэрджэс», «Ислъэмей» - «Родник», «Акъбащ» - «Ислъэмей», «Малкэ» - «Спартак-Д» командхэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Родник»	20	18	2	0	81-16	56
2. «Искра»	19	16	1	2	73-19	49
3. «Тэрч»	19	15	3	1	51-17	48
4. «Спартак-Д»	20	11	3	6	60-36	36
5. «Шагъдий»	19	9	3	7	73-46	30
6. «Шэрджэс»	21	8	1	12	48-68	25
7. «Ислъэмей»	19	7	3	9	43-50	24
8. «Малкэ»	19	7	3	9	31-41	24
9. «Кэнжэ»	21	7	2	12	46-61	23
10. «Акъбащ»	20	6	5	9	42-68	23
11. «ЛогоВАЗ»	19	6	4	9	32-50	22
12. «Урыхъ»	19	4	5	10	36-58	17
13. «Псыгуэнсу»	20	4	5	11	35-54	17
14. «Дохъушыкъуей»	20	5	1	14	34-60	16
15. «Имран»	21	3	3	15	34-75	12

Ди лъэпкъэгъу щІэрыІуэм и щІыхьклІэ

● Концертхэр

Налшык и Музыкэ къэрал театрым щыщхьэуІум и 29 - 30-эм концерт щІатащ УФ-м щІыхь зиІэ и гуп щІэрыІуэ, Санкт-Петербург филармоним и академическэ симфоние оркестрым.

ДИРИЖЁР щІэрыІуэ Темыркъан Юрэ и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ятеухуа гъэлэгъэныгъэ гъэщІэгъуэн щагъуэват Музыкэ театрым и пэІущІэ пэшым. Абы къызэщІрагъэубыдащ Темыркъан Юрэ и лэжьыгъуэм, и лэжьэгъуэм, щІыхь щІэрыІуэхэм я гъусэу зытригъэха сурэтхэр, дирижёрым и зэфІэкІхэм ятеухуауэ щІыхь щхьэхуэхэм жаІа псалъэ гуапэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр. Концертым щІэдзэным и пэ къихуэу, пшыхьым къекІуэлІахэм абы зыхагъэгъэзащ.

Къалэдэсхэм гуапэ ящыхъащ Санкт-Петербург и академическэ филармоние Шостакович Дмитрий и цІэр зезыхьэм и художественнэ унафэщІ, дуней псом щыщІэрыІуэ дирижёр Темыркъан Юрэ къыщащІахуэ маХуэр къыхэзрыблагъэм и щІыхьклІэ, и унафэм щІэт орыкестрым Налшык зэрызыкъыщигъэльэгъуар. Оркестрым игъэзащІащ урыс композиорхэм я лэжьыгъэ нэхъыфІхэу дуней псом щІэупщІэшхуэ щызыІэкэр. Ягъэ пшыхьым щагъэІуащ Чайковский Пётр и Ягъэ фортепианнэ концертымрэ ЕтІуанэ симфониемрэ. ЕтІуанэ пшыхьым щагъэзэщІащ Рахманинов Сергей и ЕтІуанэ фортепианнэ концертымрэ Австриием и композитор Брамс Иоганнес и ЕплІанэ симфониемрэ.

ЩыщхьэуІум и 29 - 30-эм концертхэм я солист хъуащ Рахманинов Сергей и цІыкІэ 2022 гъэм къызэрагъэпэща лъэпкъыбэ зэпеуэм и лауреат, Чайковский Пётр и цІыкІэ мы гъэм екІуэкІа XVII пІэлъэкъыбэ зэпеуэм и III саугъэтыр къыщцІэзыхьа Папоян Илья.

КъыжьІапхъэщ, пшыхьхэм и пэ къихуэу, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым щыщхьэуІум и 26-м щыщІэдзауэ 28 пщІондэ «Темиркановские вечера» видеонэтыныр зэрыщагъэлъагъуар. Абы хьихьэу къатащ Темыркъан Юрэ и унафэм щІэт симфоние оркестрым и концертхэр.

Дуней псом пщІэ щызыІэ дирижёр щІэрыІуэ Темыркъан Юрэ 1988 гъэм щыщІэдзауэ Санкт-Петербург филармонием и академическэ симфоние оркестрым, УФ-м щІыхь зиІэ, дуней псом къыщащІыхуу гуп нэхъыфІым и художественнэ унафэщІщ. Оркестрым зыкъыщигъэльэгъуащ къэрал куэдым я утыку инхэм. Темыркъан Юрэ долажьэ Европэм (Берлин, Венэ, Лондон, Рим, Милан) я филармоние оркестр щІэрыІуэхэм, Амстердам и концерт залышхуэм - Консертгебау Пащтыкъ оркестрыр щыІэгъуу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэрбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехэхэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхуэщ Іапіэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.610
Заказыр №1879
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ***(1, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Мариннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.